
ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA
JAWA TIMUR

JANUARI - JUNI
14
2018

ISSN 2088 0812

TITIS BASA
MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

PENANGGUNG JAWAB
Mustakim

REDAKTUR
Dalwiningsih

DEWAN REDAKSI
Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)
Dhanu Priyo Prabowo (Balai Bahasa Yogyakarta)
Amir Mahmud (Balai Bahasa Jawa Timur)
JFX Hoery (Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro)
Sunardi (SMPN Tarik, Sidoarjo)

DESAIN GRAFIS
Okky N.
Arif Izzak

SEKRETARIAT
Rahmidi

ALAMAT REDAKSI
Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Siwalanpanji II, Buduran, Sidoarjo 61252
Telepon/Faksimile 031-8051752
Pos elektronik: dalwiningsih@yahoo.com

Majalah Titis Basa nampi seratan arupi cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan,lan maneka warna seni budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kantun nerbitaken kémawon.

ATUR SAPALA

Assalamu`alaikum wr. wb.

Sugeng pinanggih malih para maos. Kados pundi pawartosipun para kadhang, mugi tansah pinaringan karahayon sarta karaharjan, aamiin. Alhamdulillah awal taun 2018, majalah Titis Basa menika sampun ngantos edhisi sekawan welas. Redhaksi boten kirang-kirang ngaturaken agenging panuwun kaliyan para panyerat saha para maos sadaya ingkang sampun satya lan ikhlas nguri-uri majalah punika tetep gesang lan terbit saben semesteripun.

Redhaksi tansah nyuwun donga lan restu saking para sadherek ing angka pitung taun saking lairipun majalah Titis Basa punika mugi saged ndadosaken semarakipun majalah ingkang badhe nglestantunaken basa daerah. Redhaksi tansah ngaturaken agenging panuwun dhumateng Bapak saha Ibu ingkang sampun kintun naskah kagem majalah punika. Edhisi sekawan welas punika wonten sewelas rubrik kados edhisi sakdherengipun.

Sumangga para maos saged kintun seratan dateng redhaksi kanggè édhisi saklajengipun. Pangajengipun redhaksi, mugi majalah punika saged mbekta manfaat kanggè kita sadaya. Nuwun.



Isinipun Majalah

Atur Sapala 1

Kabudayan

Upacara Adat Masyarakat
Budiono Dayak 2

WERDINIPUN GESANG ING MADYANING SUSASTRA JAWI
Dhanu Priyo Prabowo 4

Pangarsa

Ki Ageng Buwono Keling
· *Cikal bakal Tlatah Wengker Kidul (Pacitan)*
· *Jasadipun kakubur ing tigang panggenan.*
J.F.X.Hoery 12

Pawartos

MONUMEN JAYANDARU, SIDOARJO
Dwi Putri 15

PERESMIAN BALAI BACA
Amir Mahmud 17

Cariyos

JURUMARTANI, PANANGSANG (2)
(Serat Babad Tanah Jawi) 19
M.A. Sudi Yatmana, B.A.

Cerkak

PACOBAN
Ibune Dhenok 20

KORBANIPUN KANTRÉSNAN.
Cantrik 25

Irma lan Pengalaman Anyare
Zuly Kristanto 29

Geguritan

PEPÉLING / KARAHAYON.
J.F.X.Hoery. 32

PANAKAWAN / SANDHIWARA
St. Sri Emyani 33

Ndakdhadhagi / Suwung
St. Sri Emyani 31

Gonjing / Surem
Bondan Ardiansyah 34

Papan Wisata

GROJOGAN SONGGOLANGIT
St. Sri Emyani 35

Tetembungan

TUWA
Dr. Rama Sudi Yatmana 40

Gegujengan

Sak Isine 42

Daharan

Saplak
Sri Narjati 43

Wawancara

SUHARMONO KASIYUN
SASTRAWAN BERDEDIKASI 45

Upacara Adat Masyarakat

Dening: Budiono Dayak



PARA maos Titis Basa ingkang kinurmatan sakderengipun keparenga kula ngaturaken nyuwun pangapunten mbokbilih ing samangke pinanggih isi, tembung-tembung (istilah) ingkang kirang pas saha "tata cara" ingkang benten sarta tegesipun boten sami kaliyan kawruh panjenengan sedaya, awit upacara adat masyarakat sanget remit, punapa tuwuhipun betahaken wekdal ingkang panjang temtu kemawon wonten ewah-ewahan, tambah saha kirang manut dhumateng ingkang nindakaken amargi dipun larasaken kaliyan jamanipun. Pramila kita sedaya asring midhanget tetembungan negara mawa tata desa mawa cara kamangka tujuwanipun sami.

Upacara adat masyarakat minangka perangnipun budaya ingkang sesambetan kaliyan "kapitadosan" (religius spiritual), pamanggih, rancangan, ide, panitilaksana, ubarampe, papan, wekdal, isi saha tujuwanipun. Menggah "wosipun" para kadang mastani 'nilai' utawi 'value' inggih punika ngwrat babagan: filosofi utawi gegebenganipun tiyang gesang.

'Etika' utawi sopan santun sesambetan kaliyan pangandikan, tumindak, busana lan sapanunggalanipun. 'Moral' utawi bebudenipun tiyang 'edukasi' utawi piwucal-piwucal ugi taksih kathah isinipun kadosta gotong royong lan sanes-sanesipun. Sedaya wau dipun wujudaken lumantar donga, ubarampe minangka simbul-simbul lan tatatrasilanipun anggenipun nindakaken.

Pramila para winasis kagungan pemanggih kabudayan punika dipun perang dados kalih: (1) Budaya Material, kadosta griya, candhi, reca lan sapanunggalane, (2) Budaya Non Material, kadosta kapitadosan utawi keyakinan, utawi budaya spiritual.

Musik, sae punika suwanten alat musikipun saha suwanten sindenanipun (vokal).

Upacara adat ugi sinebat upacara tradhisi, dipun tindakaken masyarakat mliginipun wonten ingkang nyipta, saha sedaya titah gesang ugi wonten ingkang anggesangaken. Piyantun Jawi nyebat Gusti Allah, Gusti Ingkang Hakarya Gesang malah wonten ingkang nyebat 'Tan Kena Kinaya Ngapa' awit boten saged dipun gambaraken. Saha taksih kathah sebatan-sebatan sanes namung masyarakat ugi pitados bilih Gusti Allah namung satunggal.

Menggah kapitadosan masyarakat Jawi ugi pitados bilih tiyang (manungsa) asal-usulipun saking Gusti Allah lan badhe wangsul dhateng Ngarsanipun, pramila kathah ingkang

nyebat 'Sangkan Paraning Dumadi', gandheng yuswanipun tiyang namung winates dipun gambaraken 'pindhaning mampir ngombe'. Kanthi punika tiyang Jawi tansah emut lan ngemuti bilih manungsa namung saderma nglakoni sedaya sampun wonten ingkang ngatur pramila sabarang lir tumindak sumarah saha sumendhe dedepe mring Hyang Murbeng Dumadi.

Lelandhesan ing nginggil tuwuh budining cipta tiyang Jawi inggih punika upacara-upacara tradhisi sesambetan kaliyan dhiri pribadhinipun ugi kaliyan gesang bebrayanipun, kadosta: upacara adat ingkang dipun tindakaken pribadi/individu kawiwitan saking wiji kakung ingkang dipun tampi pawestri punika saged katitik wanita sampun kendel anggenipun nggarapsari (mentruasi). Dipun adani upacara adat 'Ngebor-bori' kanthi srana wanita wau saben dinten Selasa lan Setu ngunjuk toya pethak angit ingkang dipun paringi kunir satunggal iris, menggah tujuwanipun njagi kesehatanipun ibu saha calon ponang jabang bayi, ugi ngirangi nyambut damel ingkang awrat saha ibu lan ramanipun njagi tumindak lan pangandikan ingkang sae. Awit masyarakat pitados, bilih yen nyikara dhumateng sesamaning gesang samangke ingkang nandhang ponang jabang bayi ingkang taksih wonten guwa garbane ibu lair cacat utawi saged nandhang cilaka.

Salajengipun 'Ngloroni', Neloni, Ngapati. Kuniripun dipun tambah laras kaliyan wulanipun, menggah 'Nglimani' wonten ingkang ngadani upacara namung saperangan ageng dipun dadosaken setunggal mbenjang yen 'Mitoni', bilih sampun nem wulan, sami upacara saderengipun.

Upacara Adat Tingkeban utawi Mitoni menika satunggaling tataran upacara Daur Hidup (Siklus Hidup) ingkang paling ageng linangkung bilih ekonominipun tiyang punika kiyat. Sinartan ropyan-ropyan. Kejawi Upacara Adat Siraman, Kendhuri, Slametan ugi ngagem wungon utawi lek-lekan kanthi ngaturi sanak kadang utawi tangga tepalih. Makaten salajengipun dumugi Ngwoloni, Nyangani, Brokohan, Puputan, Selapanan, dumugi tiyang nindakaken palakrama engga seda wiwit surtanah dumugi sewu dintenipun sedaya wonten upacara adatipun.

Upacara Adat Masyarakat inggih punika upacara tradhisi ingkang dipun tindakaken kanthi manunggal dados setunggal dhusun utawi kelompok ingkang tebanipun linangkung wiyar. Wosipun ugi sami kaliyan ingkang dipun tindakaken upacara adat pribadhi. Babagan wekdal panindakipun ubarampe utawi srananipun saha donganipun, menggah papan upacara adat pribadhi wonten dalemipun piyambak-piyambak. Bilih upacara adat masyarakat panindakipun saha papanipun wonten papan ingkang sampun katemtokaken masyarakat. Saumpami kados jaman sapunika wonten ing tlatah Tulungagung wonten upacara adat ingkang sampun kawentar inggih punika Manten Kucing, papanipun wonten Desa Pelem, Kecamatan Campurdarat. Ulur-Ulur, papanipun wonten Desa Sawo, Kecamatan Campurdarat. Harip-Harip, papanipun wonten Pesisir Sine Kecamatan Kalidawir. Buceng Robyong, papanipun wonten Candhi Penampihan Kecamatan Sendang..Larung Sembonyo, papanipun wonten Pesisir Popoh Kecamatan Besuki.

Triwida, 6 Nopember 2017
Budiono Dayak
Gilang RT 01 RW 03 Ngunut
Tulungagung



WERDINIPUN GESANG ING MADYANING SUSASTRA JAWI

Dhanu Priyo Prabowo

Purwaka

Kasusastran Jawi punika umuripun sampun atusan taun, kawiwitan saking Jaman Jawi Kina, Jawi Tengahan, Jawi Énggal, tuwin ingkang pungkasan Gagrak Anyar utawi populèripun Sastra Jawi Modhèren.

Kathah yasan sastra Jawi ingkang dipunsinau amargi saged dados dilah tumrap manungsa ingkang saweg kapetengan. Sastra Jawi punika mboten "minteri". Bilih tiyang pinter menika, saénipun mboten suka umuk kapinteranipun. Ingkang prayogi tiyang pinter menika mboten gampil émosi menawi dipunina. Tegesipun dipunina ing mriku inggih menika dipunkritik, dipunsaruwé. Menawi tiyang pinter gampil nesu utawi duka amargi namung kénging kritik utawi dipunina menika tegesipun mboten bènten kaliyan tiyang salimrah. Cethanipun, tiyang ingkang pinter menika kedah saged nyingidaken raos kumingsun utawi dhiri murih saged netepi drajating manungsa ingkang andhap asor. Tiyang pinter kepara malah remen menawi dipunkritik dipunsaruwé amargi piyambakipun mboten sisah-sisah métani awakipun piyambak awit saking sadaya prekawis ingkang sampun dipuntindakaken, nanging malah sampun didunungaken déning tiyang sanès menapa ingkang dados kekiranganipun. Kanthi mekaten, lumantar kritik wau, piyambakipun lajeng saged ngleresaken prekawis ingkang mboten leres.

Sastra Jawi minangka asil olahing kabudayan tansah pikantuk kawigatosan ingkang mirunggan déning bebrayan agung Jawi. Prakawis menika saged kadumugèn inggih jalaran sastra Jawi tansah ngemot bab-bab ingkang magepokan kaliyan tepa-palupi ingkang migunani sanget dhumateng gesanging manungsa.

Dulcé Èt Utilé

Sampun kauningan bilih geguritan Jawi tansah ngemot bab-bab ingkang magepokan kaliyan tepa palupi ingkang migunani sanget dhumateng gesanging manungsa. Sanajan cakrikipun (gayanipun) sampun bènten kaliyan yasan sastra Jawi ingkang mawi sekar, éwa semanten geguritan Jawi tansah ngengkoki kaliya prakawis *dulcé èt utilé* (mucal saha migunani). Semanten ugi ing babagan piwucal ingkang nélakaken prakawis *katentremaning gesanging manungsa*. Amargi karya sastra punika sawenèhing kagunan, mila anggènipun nggambaraken bab katentreman punika marupi-rupi caranipun.

Manungsa punika ing madyaning gesangipun mboten saged uwal saking katentreman. Liripun, manungsa anggènipun mecaki gesangipun ingkang kaudi mboten sanès namung katentreman, amargi tanpa kantentreman manungsa mboten saged gesang kanthi sakéca. Tanpa katentreman, manungsa namung badhé mangu-mangu gesangipun jalaran ing salebeting gesangipun namung badhé bingung.

Pramila prakawis katentreman ugi dados salah satunggaling underan ingkang dipunrumpaka déning para panggurit. Jalaran, panggurit punika "tugasipun" mboten namung ngroncé ukara ingkang pinilih, nanging ugi asung seserapan bab gegambaraning manungsa ing babagan katentreman.

Èstunipun bab katentreman punika dados prakawis ingkang wigatos ngantos panggurit kémawon ugi nggatosaken wigatosing tembung katentreman. Nanging, inggih makaten sejatosipun, tanpa katentreman, manungsa pancen mboten badhé ngraosaken éndahing gesang, Sanadyan gesang punika paribasanipun mendhak-mendhukul, kala-kala wonten sisahipun, ananging ugi ing kalodhangan sanès wonten remenipun. Gesang pancèn éndah èstunipun. Prakawis katentreman ingkang ginambar ing geguritan "Ajining Jawa" anggitanipun Ustadji Pantja Wibiarsa minangka salah satunggaling tuladha.

AJINING JAWA
Ustadji Pantja Wibiarsa

Jawa busanamu
mula gawanen ajining raga
ora mung winates badan wadhag
nanging uga ngasah rasa pangrasa
ngrangkul tepa slira nyebar budi utama

Jawa basamu
mula jaganen wetuning wicaramu
tembung lan ukara alus bakal gawé tentrem
yèn mung gawé tatu bakal nemu satru
malah bisa dadi dahuru

Jawa wewatakanmu
mula miliha dalan lempeng kanggo lumaku
tumuju urip padhang tinrètèsan lintang rembulan
bisa kanggo ndeleng lan ngambu gandané diyu
banjur netepaké dadi sinatriya meper hawa nepsu

Sanggar Kalimasada Kutoarjo, 2005
(antologi geguritan *Sesotya Prabangkara*, 2014)

Geguritan "Ajining Jawa" asung pawartos kasaénan dhumateng panjenengan-kula sami, bilih ajining tiyang Jawi punika badhé nuwuhaken katentreman menawi saged nggegulang raos/rasa amargi tiyang Jawi punika mboten namung katingal saking cara kawadhagan kémawon, ananging ingkang pokok wonten ing "lebetipun", kabatosanipun. Liripun, tiyang Jawi tansah kedah njagi larasing kawadhagan kaliyan karohanèn. Basa Jawi minangka salah sawenèhing piranti kanggé nedahaken kasalarasan kalau wau ing satemah dados pepucuking katentreman. Liripun, soksintena kémawon menawi anggènipun mbabarakan raos-pangraosipun lumantar basa ingkang nuju prana, saé, ngenut kaliyan undhak-usuk mesthi badhé nuwuhaken katentreman ing madyaning gesaning manungsa.

Basa Jawi menggahing bebrayan agung Jawi mboten namung minangka sarana komunikasi, nanging inggih sawenèhing piwucal ngéngingi katentreman. Katentreman tibakipun kawiwitan saking panganggéning basa. Basa Jawi minangka makuthanipun kabudayan Jawi kedah dipunluhurken utawi dipuginakaken kanthi laras nut jaman kelampahanipun.


Sastra Jawi mboten namung nggambaraken bab kaéndahan, nanging saking sastra Jawi saged dipunoncèki prakawis éwoning lelampahaning manungsa gesang salebetipun mecaki gesangipun. Saking lelampahan-lelampahaning manungsa punika, satemenipun kacakup piwucal-piwucal bab luhuring gegayuhan tuwin dhedhasaring manungsa anggènipun nampi gesangipun minangka titahing Gusti Ingkang Akarya Jagad.

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA
JAWA TIMUR

JANUARI - JUNI
14
2018

Lelampahaning manungsa ingkang ginelar ing susastra Jawi punika kacihna ing geguritan.

Salah satunggaling lelampahan ingkang sinerat inggih punika prakawis lelampahanipun tiyang ingkang nedha gesang kanthi pakaryan minangka *tukang mbarang*. Lelampahaning tiyang mbarang punika "unik", utawi mboten kathah (kepara mboten wonten) sanèsipun. Lelampahaning tiyang mbarang menika arang sanget kaserat ing geguritan. Kamangka, saking madyaning lelampahaning tiyang mbarang punika wonten sauntawis bab ingkang éndah tuwin nengsemaken jalaran ing ngriku pinanggih pitutur luhur. Tiyang ingkang nglampahi pakaryan punika sanajan katingal prasaja, nanging saèstunipun tiyang-tiyang makaten wau, ing sejarah kabudayan Jawi, inggih tiyang ingkang luhur bebudènipun. Jalaran, tiyang mbarang punika saèstunipun mboten namung ngupados tedha (nyambut damel) nyekapi gesangipun, nanging tiyang alampah mbarang punika saèstunipun paraga ingkang sampun purun *nalurekaken* utawi *nglestantunaken* wujuding kagunan/kesenian. Kanthi cara mbarang, piyambakipun purun nepangaken (kanthi cara mboten blaka-suta) bab ajining kesenian. Sanajan ubarampénipun sarwa cumpèn, ananging kaprigelanipun nalika nggelar kesenianipun tetep nengsemaken. Awit kagunan ingkang dipunbarangaken ngemu pitedah bab gesang ingkang saé. Upamanipun, nalika mbarang nyiter nyekaraken sekar macapat pethilan saking *Serat Wedhatama, Wulangreh,* lsp.

Malah ing madyaning kabudayan Jawi, tiyang ambarang punika sampun kalebet sepuh sanget. Wonten ing Pustaka Panji, kacariyos bilih Radèn Panji samargi-margi ambarang saperlu madosi Dèwi Sekartaji ingkang lolos saking kraton. Lumantar ambarang punika, ing tembénipun Radèn Panji lajeng saged manggihaken Dèwi Sekartaji. Semanten ugi wonten ing jaman Mataram, kacihna wonten lelampahan rombonganipun Putri Pambayun ambarang saperlu kanggé nelukaken Ki Ageng Mangir, lsp. Dados, yèn sapunika wonten tiyang ambarang sacara pribadi utawi rombongan, inggih namung nerasaken ingkang sampun lumampah rumiyin. Éman déné, sapunika sauntawis tiyang ambarang samangké ingkang namung kanggé pados arta kémawon, déné *nilai* kesenianipun mboten dipungatosaken.

Tukang Mbarang Suling
Prijanggana

lelagon sedhih liwat driji wuta
tinangisan suling dumeling
sambat-sambat urut pasar
ngrujit-ngrujit jiwa seni

jerité arang kang ngrungu
kepalang kumeling sandhangan

éman-éman
inten ora kawruhan intené
emas ora kawruhan emasé
klèlèran sadalan-dalan
ora ana kang ngrumati

yèn akua sing dadi kemasan
dakimpun dakgawé dandanan

Jaya Baya, Minggu Legi, 9 feb 1964, no. 24 th XVIII

Geguritan "Tukang Mbarang Suling" ingkang nembe kawaos suwau èstunipun prasaja kémawon. Nyariosaken bab pait-getiripun lelampahanipun tiyang ambarang ngupakara sabin kanggé gesangipun. Namung, lumantar sulingipun, tiyang ambarang punika saged angambaraken lelampahanipun tiyang gesang: éndah seninipun nanging kirang kaosan, ngantos samanten kawontenanipun (memelas), lsp.

Ing suwaliking wosing gati ingkang prasaja ing guritanipun sadhèrèk Prijanggana punika kinandhut raos ingkang nandhes ing manah. Ing satengah-tengahing sedaya

pangupados ingkang kadhasaran sumanggem ing Gusti Ingkang Akarya Jagad kepara malah lajeng kalunta-lunta gesangipun. Liripun, sanajan makaten lelampahanipun, nanging nilai seninipun mboten ical, kepara ndayani dhumateng ingkang mirengaken sulinganipun kepengin sanget badhé kadamelan dandanan ingkang éndah. Pigunanipun karya seni punika mboten namung asung panglipur, nanging ugi caos pepènget lan pangatak dhumateng sok sintena kémawon bilih gesang punika mendhak-mendhukul, kala-kala ing ngandhap, kala-kala ing nginggil. Lelampahanipun tiyang ambarang ing geguritan "Tukang Mbarang Suling" ngemutaken dhumateng kita bilih kesenian punika luhur sanajan katingal mripat ingkang nggelaraken tiyang kesrakat.

Conto sanesipun, taksih kapethikaken saking majalah *Jaya Baya,* nanging benten pangguritipun. Judhulipun "Wiramaing Suling", anggitanipun J.M. Krisna.

Wiramaning Suling
J.M. Krisna

lamatlamat anglangut
nothol sajroning dhadha
ndhodhogi krenteging ati
ati kang lagi kayungyung

dhuh satriya kang ngumbara
ing pangumbaran toh jiwa toh pati
lawas temen tanpa warta
adhuh kakang, adhuh kakang

lamat-lamat anglangut
wiramaning suling
sasmitané ati wuyung
kang lagi nandhang kasmaran

Jaya Baya, Minggu legi 9 feb 1964, no. 24 th XVIII

Kagambaraken bilih suling ingkang diungelaken déning tiyang ambarang menika éndah sanget, kepara ngantos saged ngrerujit raos, ngémutaken dhumateng raos tresna ingkang sakalung nunjem ing pulung ati jalaran kasmaran utawi wuyung.

Sulinganipun tiyang ambarang punika saged mbekta tiyang ingkang mirengaken lajeng katut ing uleganing kawontenan pribadi. Cetha bilih kagunan ingkang éndah ingkang dipungelar déning tiyang mbarang punika mboten kawon kaéndahanipun menawi katandhingaken kaliyan seniman sanèsipun, sauger nuhoni dhumateng paugering kesenian.

Kagunan/kesenian pramila saged kanggé cagak gesang. Kados ingkang sinerat ing geguritan "Lèdhèk Cilik", yasanipun Soekadi Tnd, makaten jlèntrèhipun.

Ledhek Cilik
Soekadi Tnd

Lèdhèk cilik
keloyongan turut marga

kidungé si lèdhèk cilik
uripku sambi dolanan

gendhingé si paman kendhang
kapan baya urip mulya

lèdhèk cilik
kelap-kelip sulukira
klenang-klening kang wirama
klenak-klenik larasnya:
bangsaku tinggalana

Jaya Baya, Minggu Legi 1 Des 1963, no. 14 th XVIII

"Lèdhèk Cilik" ingkang dipunserat déning Soekadi Tnd punika nggambaraken kawontenan ingkang melas sanget, langkung-langkung kaliyan kawontenanipun tiyang ambarang ingkang taksih alit (laré). Geguritan ingkang kaanggit gegayutan kaliyan tiyang mbarang kebak kasedhihan.

Geguritan minangka éwoning kagunan ingkang ngemu pitutur luhur, kacihna mboten namung saged nggambaraken bab kaéndahan kémawon, nanging ugi satemenipun dados cathetan *sejarah kemanusiaan* menggahing kabudayan. Geguritan-geguritan kasebat kaserat ing taun 1960-an, dasawarsa ingkang kebak ing kawontenan ingkang mboten tentrem, ekonomi dèrèng tumata kados samangké, saha dèrèng dangu mentas saking kamardikan. Mesthi kémawon, prakawis kemiskinan dados gegambaran ingkang pinanggih sadinten-dinten. Pramila, geguritan ugi lajeng saged nedahaken masalah sosial ingkang dumados ing jamanipun.

Sedaya ingkang pinanggih ing kasusastran punika kebak ing bab pitedah kasaénan dhumateng para ingkang maos. Lelampahaning para tiyang ambarang nedahaken kawontenaning masyarakat, pramila sedaya pambudidayanipun èstunipun ugi kepengin nglestantunaken kesenian, mboten namung pados pangupa jiwa. Pramila profèsi tiyang ambarang prayogi dipunaprésiasi.

Geguritan, minangka salah satunggaling jinis sastra Jawi, anggènipun macak piwucal punika pancèn mboten cara blaka suta, nanging kanthi cara sinandhi utawi mawi cara pralambang-pralambang. Wondéné piwucal ing salebeting geguritan kawedharaken lumantar basa-basa ingkang pinilih (dhiksi). Awit saking punika, babaraning basa ing geguritan lajeng katingal bènten kaliyan basa gancaran. Adhakanipun, basa gancaran punika langkung bébas saha panjang-panjang, suwalikipun basanipun basa geguritan cekak-cekak ananging mranani.

Ing alaming bebrayan Jawi Mataram, pribadi ingkang sampun pana ing ngèlmu kasunyatan punika dipunwujudaken wonten ing pribadinipun Panembahan Sénapati ratugung ing Nagri Mataram. Panjenenganipun adreng ing lelana brata amargi saged necep lan nggegulang samukawis bab alam raya ingkang gumelar. Alam gumelar punika èstunipun suka wewarah dhumateng manungsa, upamanipun prakawis wikananing raos (*kepekaan batin*), ingkang ing tembenipun mangaribawani alusing budi.

Tiyang ingkang alus budinipun ing lampahing brata mboten nggumunaken menawi badhé kataman ing *wahyu*. Jalaran budi ingkang alus punika saged mahanani dhumateng sawenèhing gegayuhan luhur. Ing *Serat Wedhatama*, sacara simbolik, gegayuhan ingkang kawujudan amargi sampun alusing budi dipungambaraken lumantar pepanggihanipun Panembahan Sénapati kaliyan Kanjeng Ratu Kidul. Dados, Kanjeng Ratu Kidul punika sawijining perlambang dhumateng *budi ingkang alus*. Amargi, Panembahan Sénapati sampun saged ngrasuk ngelmu kasunyatan amargi saking wikaning raos, lajeng saged kapandukan wahyu. Wahyu jatmika ingkang turumurun sakalangkung adi jalaran ugi kadhasaran pangajab sadereningipun déning Panembahan Sénapati: inggih supados tedhak-turunipun sageda pikantuk kamulyan. Piwucal punika suka pitedah dhumateng kita sami bilih prihatosing tiyang sepuh dhumateng turunipun inggih namung kanggé mulyaning jantraning lampah ing mbénjangipun.

Awit saking punika, kita sami kaprayogèkaken supados mboten sami kesupèn ing samubarang karya. Menapa ingkang katindakaken déning Wong Agung ing Ngèksiganda inggih Panembahan Sénapati anggenipun lelana brata suka pitedah dhumateng kula panjenenganan sami menawi wewadinipun alam raya saèstu saged saya nglandhepaken panggaraita, ingkang ing tembénipun badhé mbikakaken warananing gesang.

Piwucal saé ingkang tansah kumandhang ing saben jaman saking *Serat Wulangreh* magepokan kaliyan tetuladhan saking Panembahan Sénapati ing Mataram. Wonten ing pupuh sinom makaten pethikanipun: *Panembahan Sénapati/kang jumeneng ing Matawis/iku kapareng lan*

mangsa/dhawuh nugrahaning Widdhi/saturuné lestari/saking brekating luluhur/mrih tulusing nugraha/ingkang kari-kari iki/wajib uga anirua lakunira//

Piwucal saking *Serat Wulangreh* menawi kaecakaken ing brayat saèstu badhé ndayani. Mucal supados kedah prihatos lan mrihatosaken dhumateng kluwarga, putra tuwin bangsa. Ugi suka pepènget dhumateng pemimpin bangsa supados mboten namung saged micara ngojahaken program-program, nanging ugi kedah saestu mrihatosaken lan mbudidaya supados estu lumampah mboten namung nggunem. Prihatos ing ngriki saged dipuntegesi, kados pundi pemimpin bangsa utawi ingkang mbénjang badhé mimpin bangsa saged mujudaken bangsa luwar saking bebendu ékonomi tuwin keamanan. Pemimpin kluwarga utawi pemimpin bangsa mboten kepareng namung saged mikiraken kepentinganipun piyambak, nanging ugi kedah saged prihatosaken dhumateng putra wayah dalasan bangsanipun. Pemimpin menika kedah saged *mati sajroning ngaurip* (mboten mburu karemenanipun piyambak) menawi lestantunipun putra wayah lan bangsa dados perangan ingkang utami. Gesang ngenut raos Jawi mboten saged kapisahaken saking prihatos, awit saking prihatos punika badhe kabikak wewengan jembar ingkang sarwa tentrem.

Sumengka Pangawak Braja

Katentreman minangka tetalesing manungsa salebeting gesang prayogi menawi dipunjagi supados bebrayan agung utawi masarakat ugi lajeng kasawaban bedhamèn. Bedhamèn ingkang tumus ing satengahing brayat tuwin satengahing masarakat badhé ndayani manungsa sami manggih kekiyataning batos.

Kasusastran Jawi punika wonten manéka warni jinisipun. Mboten namung ingkang jinis babad, crita cekak, geguritan, lan sandiwara kémawon, nanging wonten ugi ingkang awujud bebasan, paribasan, sanépa, lsp. Susastra Jawi jinisan bebasan utawi paribasan punika, sanajan langkung alit/cekak tinimbang jinis sastra Jawi sanèsipun, nanging mboten ateges langkung asor/awon. Kepara, malah ing bebasan utawi paribasan punika kathah pinanggih piwucal-piwucal cespleng ingkang saé tuwin langsung karaosaken suraosipun.

Biyasanipun, bebasan paribasan punika rak namung cekak kémawon. Ananging, bebasan utawi paribasan wonten ugi mawi cariyos. Supados bebasan/paribasan punika saged katampi lan kasuraos kanthi sekéca, wonten ingkang kacariyosaken. Bebasan/paribasan ingkang kadamel cariyos punika supados saged kagem bahan pasionan dhumateng sok-sitena kémawon. Langkung-langkung wonten ing madyaning pawiyatan utawi ing sekolah-sekolah. Kejawi punika, bebasan/paribasan punika, amargi puitis saha sinandhi, adhakanipun kathah dipunagem ing jagading padhalangan utawi ringgit purwa, lsp.

Susastra punika sawijining "mustakaning" budaya sawenèhing bangsa, kalebet bangsa Jawi. Menawi mustaka kados makaten wau sampun mboten dipunmangertosi déning tiyang Jawi ateges tiyang Jawi sampun mboten malih ngaosi dhumateng awakipun pribadi. Menawi tiyang sampun makaten, saged dipunwastani masarakat ingkang tuna budaya. Pramila bebasan/paribasan minangka satunggaling éwoning susastra Jawi wigatos dipunsinau malih.

Déné buku ingkang saé saha sampun wonten inggih punika buku anggitanipun Mas Merta Senjaya ingkang mawi irah-irahan *Layang Bebasan lan Saloka* (1921).

"Sumengka pangawak braja"

Ana lurah sugih sarta onjo ing samubarang, ing atasé lurah duwé anak lanang siji. Bocahé iku dhèk biyèn isih cilik, dilebokaké sinau

ing pamulangan, barang uwis rada pinter, mbanjur disaosaké munakawan ing bupatiné. Sarèhné lurah mau sugih, bocah mau sadina-dina menganggo kaya putrané sarta kaanggep ing samubarang gawé.

Bareng bocah mau diwasa, lurah mau arembugan lan sanak saduluré, yèn anaké lanang iku, arep kasuwunaké putrané bupatiné. Sanak-saduluré padha ora rembug, wangsulané, "O, iku aku ora rembug, iya teka bener kowé lurah sugih, ananging atasé lurah nyuwun putrané bupati, iku sumengka pangawak braja, iya yèn pareng, balik yèn ora dadi parengé, mundhak ndadèkaké susah."

Mungguh rembugé sanak-saduluré mau, ora pisan-pisan dipaèlu. Ing sawijining dina, lurah mau sowan ing ngarsane bupatiné, sumeja nuruti pikarepané. Bareng duwé atur yèn nyenyuwun putra putri, arep katemokaké lan anaké iku, bupati kagèt ing galih, sarta ora karsa paring wangsulan pangandika.

Bareng suwé ora kaparingan wangsulan, lurah banjur nyuwun mundur. Déné ora antara dina bocah kang munakawan mau, mbanjur diwetokaké. Bareng bocah iku mari munakawan, sanak-saduluré padha ngira, yèn lurah mau sida nandukaké "sumengka pangawak braja".

Bebasan punika kraos sanget ta Jawinipun, Jawi ingkang mengku pamelèh, panyendhu, kritik, gojègan, nanging kréatif. Kanthi caranipun ingkang kréatif, Mas Merta Senjaya minangka anyariosaken bebasan menika dados karya ingkang nengsemaken. Jawi jaman abad ka-19 éngga awaling abad ka-20. Ing ngriku liripun badhé suka pitutur bilih tetiyang menika kedah tansah empan papan, nglarasaken kaliyan kawontenan. Sampun ngantos gadhah panjangka ananging mboten laras kaliyan kawontenanipun utawi kalenggahanipun. Kajawi punika, sampun ngedir-ediraken dumèh dados tiyang sugih lajeng menapa kémawon saged dipunkélun, dipuntumbas. Kamangka, mboten sedaya prakawis ing ngalam ndonya punika mboten mesthi saged karampungaken mawi sarana bandha. Bandha ingkang kathah mboten kagem umuk-umukan, ananging satemenipun badha ingkang kathah saged kanggé sarana mawasdhiri bilih gesangipun manungsa sampun kaparingan kalangkungan déning Gusti Allah. Éwa semanten, lumantar bebasan *"Sumengka pangawak braja"* panjenengan-kula sami sami dipunèngetaken bilih ing ngalam donya punika wonten tataran-tataraning kemasarakatan. Tataran wau mboten kanggé mbédak-bédaken, nanging kanggé sarana tetimbangan.

Malih bebasan mawi cariyos *"Ngempukaké watu item"* makaten wedharanipun.

Ana grema loro, aran si Sura lan si Parta, karoné padha ngrungu warta, yèn ing sawijining alas ana menjangan akèh. Si Sura anuli ngajak si Parta, tembungé, "Parta, ayo padha mbeburu menyang alas kang akèh menjangané iku."

Parta mangsuli, "Iya, ayo, ananging sarèhné adoh, mangka lagi ora duwé dhuwit, digawé sangu apa?" Sura sumaur, "Sangu ngono gampang, mbésuk manawa ana ing kana padha mondhok ing warung kang cedhak

lan alas baé, déné pamangané iya kabayar yèn uwis olèh menjangan." Parta mangsuli manèh, "Sura, kowé kuwi sok ngempukaké watu item, slameté baé durung karuan, teka mesthèkaké olèhé."

Ananging sarèhning si Sura adreng kekarepané, wekasan grema loro mau mbajur padha mangkat, karoné padha nggawa bedhil. Bareng ana ing alas, énggal padha weruh menjangan akèh, gedhé-gedhé.

Ananging durung kongsi mèh sesasi, déné pondhokané, iya kaya kang dadi ciptané nalika arep mangkat. Si Suta celathu marang tukang warung kang dipondhoki, "Embok adhi, teka kula tiyang kalih niki, salaminé wonten ing ngriki dika sangga, mbénjang kula mbayar saka pepayoné sungu menjangan." Tukang warung nyaguhi.

Ing sawijining dina, uwong mau padha menyang alas manèh. Ora suwé ana menjangan gedhé siji ngaton, bareng dicedhaki grema loro mau, menjangan énggal mapan, nedya wani. Wasana pambedhilé grema mau padha luput, menjangan nyander marang grema, bareng mangkono si Sura mbanjur mènèk ing kekayon gedhé, déné si Parta saking kesusuné mbanjur ngglimpang baé, ora obah-obah kaya wong mati, Menjangan uga nyedhaki marang si Parta ananging mbanjur lunga baé. Bareng menjangan uwis ora katon, si Sura mbanjur mudhun, sarta takon marang si Parta, tembungé, "Parta, menjangan mau ana apa déné nyedhaki kowé?" si Parta mangsuli, "Menjangan mau nuturi, aku lan kowé salawasé aja sok ngempukaké watu item."

Ing dina iku uga grema loro mau mbanjur mulih, ananging bedhilé si Sura dicekelaké tukang warung mau, awit pamangané salawasé ana ing kono ora bisa mbayar.

Bebasan mawi cariyos *"Ngempukaké watu item"* èstunipun suka pepènget supados kula-panjenengan sami kedah saged ngukur kaliyan kekiyatan kita piyambak supados mboten dhawah ing kacingkrangan. Utawi, menawi gadhah panjangka kedah linambaran wewaton ingkang gumathok, mboten namung adhedhasar pengangen-angen kémawon. Pangangen-angen dèrèng temtu kawusananipun.

Dudutanipun: pitutur luhur saged kalari ing susastra Jawi, salah satunggilipun ing bebasan Jawi. Bebasan Jawi saged dados tepa palupi prasaja, nanging ngemu piwucal lebet ingkang mranani. Kasusastran saha basa Jawi saèstu asil ulah budaya ingkang tansah mranani lan saged ndayani gesang saya ngrembaka dhumateng prekawising tiyang gesang.

Gesang ing madyaning kasusastran Jawi kagambaraken minangka larasing titah manungsa kaliyan alam sakupengipun. Inggih awit saking punika gesang saged ndayani dhumateng gregeding gegebengan luhur. Gesang ing madyaning masyarakat inggih gesang saged sangkul-sinangkul ing bot-répot ing samubarang kalir.

*****

Pasujarahan.

Ki Ageng Buwono Keling

- *Cikal bakal Tlatah Wengker Kidul (Pacitan)*
- *Jasadipun kakubur ing tigang panggenan.*



Komplèk Makamipun Ki Ageng Buwono Keling.

Saben tlatah utawi kitha mesthi wonten para ingkang dados pepundhènipun, ingkang tansah kinormatan déning warganipun kepara malah kathah ingkang dados papan pasujarahan. Kathah-kathahipun ingkang dados pepundhèn makaten inggih paraga ingkang bebadra sepisanan utawi ingkang babat wana kinarya padunungan.

Kados ing tlatah Pacitan, kala rumiyin kasebat Wengker Kidul, ingkang dipunpercados pinangka cikal bakal bebadra sepisanan inggih punika Ki Ageng Buwono Keling. Sugengipun sa jaman kaliyan Bethara Katong, Adipati Ponorogo utawi Wengker Eler. Inggih sakiwa tengenipun warsa 1500 Masehi. Amargi Bathara Katong jumeneng Adipati Ponorogo warsa 1496 Masèhi, pasipun tanggal 11 Agustus 1496 Masèhi utawi 1 Besar 1418 Saka. Dènten Ki Ageng Buwono Keling dèrèng kapanggihaken wiwitipun bebadra ing Wengker Kidul, ingkang mapan ing dhusun/Desa Jati, Kecamatan Kebonagung (sapunika).

Dedongènganipun Ki Ageng Buwono Keling.

Miturut cariyos, ki Ageng Buwono Keling punika asli saking Pajajaran, kapundhut mantu Raja Majapahit, Brawijaya Pamungkas, Mboten wonten keterangan ingkang kaprinci, kados pundi sagedipun Buwono Keling daup kaliyan putri Majapahit, Ni Toh Gati. Sawatawis wekdal sabibaripun daup, Rahadian Buwono Keling dhinawuhan babad wana ing tlatah Wengker Kidul (Pacitan sapunika) awit ing tlatah Wengker Eler (Ponorogo sapunika) sampun kaparingaken dhatheng Bathrara Katong inggih putra Brawijaya Pamungkas ugi.

Radèn Buwono Keling dalah sawatawis pendhèrèk manggihaken papan ingkang sekéca kinarya bebadra, mapan wonten èrèng-èrèngipun redi Napas, celak lèpèn , kawastanan dhusun Jati. Mbokbilih rumiyinipun ing mriku pinanggihaken wit Jati utawi tlatah penika kalasemanten awujud wana jati , lajeng dipun babat.

pangarsa

Saya dangu padhusunan Jati saya reja, awit kathah tetiyang ingkang sami sumusul, bebadra ing sakiwa tengenipun dhusun Jati. Ki Ageng sanget sinujudan déning para kawula. Saleresipun kajawi Ki Ageng Buwana Keling, putra Msajapahit inggih wonten ingkang bebadraa ing sisih kilen, ing dhusun Kalak inggih punika Raden Prawirayuda, ingkang ing tembénipun sinebat Ki Ageng Kalak, amargi manggèn ing dhusun Kalak.

Sasampunipun sawatawis warsa Ki Ageng Buwono Keling mangun tlatah Jati, laladan sakiwa tengenipun dados reja, Sesarengan mekaripun kraton Demak, wonten priyantun mubalig tiga ingkang saking Demak ingkang angsal palilahipun Adipati Ponorogo, Bathara Katong, mbabat wana ing pesisir kidul. Paraga kalawau inggih punika Kyai Siti Geseng ingkang mbabat wana ing Rejasa. Amargi sadumuginiun Rejasa piyambakipun nacepaken teken saking deling Petung ingkang salajengipun teken kalawau semi saha gesang ngrembuyung, pramila Kyai Siti Geseng lajeng kasebat Kyai Ageng Petung dening para pandhèrèkipun.

Lajeng Sèh Maulana Mahgrigi mapan wana sakelèripun wana Rejasa, lajeng kadhudhuh (dipunbabat) tlatah punika lajeng kasebat Dhudhuhan. Ing sisih kilèn Kyai Ampokboyo mbabat wana ing Posong saha mangun panggénan ing mriku, ingkang salajengipun kasebat Kyai Ageng Posong.

Inggih priyantun tiga punika igkang nyebarken agami Islam ing tlatah Wengker kidul. Dènten Ki Ageng Buwono Keling dalah pandhèrèkipun taksih ngugemi agami Buda. Tlatah-tlatah kala wau sangasaya dangu tansaya reja awit dhatengipun para bebara ingkang sami bebadra ing talatah Wengker Kidul

Kyai Ageng Petung salajengipun gadhah niyat nedya nyembaraken agami Islam ing tlatah Jati. Pramila ki Ageng Petung manggihi Ki Ageng Buwono Keling, supados kersa ngrasuk agami Islam. Nanging Ki Ageng Buwono Keling puguh, netepi agami Buda.

Pungkasanipun dados dredah, andon yuda antawisipun Jati kaliyan Ngrejasa. Kyai Ageng Petung sinengkuyung Kyai Ageng Posong dalah Syèh Maulana Mahgribi. Wongsal wangsul Ki Ageng Buwono Keling kapupuh ing yuda, ngantos séda. Sumerep sédanipun ki Ageng Buwono Keling, wadyabala Rejasa sami surak-surak gumuruh.

Nanging mboten antawis dangu Ki Ageng Buwono Keling saged wungu malih kaombyong para wadya Jati ngadhepi wadyabalanipun Kyai Ageng Petung. Makaten, saben-saben kapupuh séda, Ki Buwono Keling saged wungu malih, awit ginadhuhan aji Pancasona.

Punteg manahipun Kyai Ageng Petung, Kyai Ageng Posong dalah Syeh Maulana Mahgribi. Kyai Ageng Petung lajeng mesubrata, nyuwun pepadhanging Gusti amrih saged nyampurnakake Ki Ageng Buwono Keling. Kyai Ageng Petung angsal wangsit bilih Ki Ageng Buwono Keling saged sampurna sédanuipun karana pusakanipun Syeh Maulana Mahgribi, Kyai Crubuk saha jasadipun kedah kapeteg kapisah ilining lèpèn.

Mudar semadinipun, ki Ageng Petung ngirid wadya bala lumarap dhateng Jati. Wadya Jati sampun samapta ing kéwuh. Perang campuh dumados malih, ngantos Ki Ageng Buwono Keling kapikut. Pirsa menawi titiwancinipun sampun dumugi pungkasing lelampahan, Ki Ageng Buwono Keling dhawuh dhateng putranipun Ki Ageng Durbèngkara dalah wayahipun Jatikumelar, supados ngunduri payudan.

Ki Ageng Buwono Keling kapupuh ing rana, katigas jangganipun, badan (gembung) kapeteg Jati, mustaka kapeteg ing Nglaos ingkang kapisahaken ilining lepen Kebonagung. Dènten panggenan ngrukti wonten ing Sampang, erahipun ugi kapeteg kados satatanipun jasat.

Sadèrgipun jasad kausung badhe kakubur, wonten suwanten tanpa rupi, ngemutaken dhateng Kyai Ageng Petung.

"Kyai Ageng Petung, ingsung wis narima marang pepesthèné Hyang Widi, yèn titmangsa iki aku kudu sowan ing ngayunanÉ. Nanging aja mbokganggu anak putuku nganti turun kaping papat, kareben nerusaké keyakinané, mbesuk titimangsane turunku kaping lima bakal ngetutake préntah piwulangmu, lan mbesuk turunku kang kaping rolas bakal nyekel lan nguwasani tlatah Wengker Kidul."

Punika suwantenipun Ki Ageng Buwono Keling ingkang makayang. Sadaya piwelinguipun Ki Ageng Buwono Keling makaten wau kaleksanan saèstu. Inggih punika lajer, utawi turunipun Ki Ageng Buwono Keling ingkang kapireng wau kados kacetha ing turasipun ing ngandhap punika.

1. Ki Ageng Buwono Keling (Buda)
2. Ki Ageng Durbengkara (Buda)
3. Ki Ageng Jatikumelar (Buda)
4. Ki Ageng Sambikumelar (Buda)
5. Kyai Ageng Puringtoya (Islam)
6. Kyai Ageng Medole (Islam)
7. Puring Bayirakas (Islam)
8. Samudin (Islam)
9. Gabarudin (Islam)\
10. Rajudin (Islam)
11. Jayanudin (Islam)
12. Jayaniman (Islam)

Inggih Jayaniman punika ingkang kasebat dados panguwaos ing Wengker Kidul. ingkang sampun gantos nami Pacitan. Jayaniman dados Bupati Pacitan ingkang kaping 5 kanthi asma Mas Tumenggung Djogokaryo I inggih Kanjeng Jimat.

Pusaranipun Ki Ageng Buwono Keling ing Jati saha ing Nglaos pinangka leluhur ingkang dados cikal bakalipun tlatah Pacitan, ngantos sakpunika dipun pepundhi saha dados papan pasujarahan, mliginipun ingkang wonten Jati, keleres kelangkungan magi JLS (Jalan Lingkar Selatan) ingkang nyambung Pacitan – Trenggalek. Pusaanipun Ki Ageng Buwono Keling medal pundhungipun, kala rumiyin ngatos setunggal meter langkung, sakpunikia langkung andhap. Makam Ki Ageng buwana Keling minangka salah setunggalipun papan wisata religi.

Ingkang ngiyataken Ki Ageng Buwono Keling pinangka panguwaos ing tlatah mriku (Wengker Kidul), natos pinaggihaken prasasti Jawi Kino, ingkang ungelipun makaten

JA PURA PURAKSARA ERESTHA
BHUWANA KELING ABHIYANA
YUWANA SIDDHIM SAMAGANAYA
BHIJNA TABHA MINIGVAZAH
RATNA KARA PRAMANANTU.

Artosipun ***: Rumiyin wonten pendhekar nami Buwono Keling ingkang sampun manggih kasampurnan ngelmunipun kebatosan saha kanuragan. Pinangka guru kawicaksanan ingkang dados cikal bakalipun tlatah mriku***

Namung kemawon mboten kasebataken prasasti punika kapanggihaken wonten pundi lan sak punika wonten pundi dunungipun. Punika namung kula tedhak saking sawatawis seratan ingkang nyebataken wontenipun prasasti ingkang sesambetan kaliyan Ki Ageng Buwono Keling pepundhen bumi Wengker Kidul. Nuwun. ***(J.F.X.Hoey)***



Pusaranipun Ki Ageng Buwono Keling linuruban mori



MONUMEN JAYANDARU
SIDOARJO

Monumen Jayandaru menika salah satunggaling *ikon* kutha Sidoarjo. Monumen menika manggen wonten ing Alun-alun Sidoarjo. Nami Jayandaru nggadhahi artos inggih menika *wahyu kajayaan*. Pemerintah kabupaten Sidoarjo kagungan pangajeng-ajeng supados Sidoarjo nggayuh mangsa kajayaan wonten ing mangsa ngajeng. Nami menika dipunpendhet saking cariyos pawayangan, saking wit Jatiwasesa ingkang gadhahi sekar Dewandaru. Sekar Dewandaru saged dipun wastani kanthi simbol ganda aruming jati dhiri. Sekar Dewandaru menika sekar ingkang langka sanget lan rekaos anggenipun dipunpanggihi. Kejawi mekaten sekar menika gandanipun arum sanget, ngantos saged dipunambet kanthi jarak ingkang tebih. Wit Jatiwasesa saged gadhahi woh Jayandaru. Woh menika asalipun saking kembang, pramila woh ingkang badhe dipunpethik menika woh Jayandaru. Jayandaru menika saged dipunsebat kaliyan *kejayaan*.

Wiwitanipun, monumen Jayandaru menika nggambaraken kahanan gesang masyarakat Sidoarjo ingkang kathah sami tani lan nelayan. Monumen menika bentukipun saking reca manungsa sampurna ingkang cacahipun sanga awujud arca tani lan nelayan. Dereng dangu sakwatawis itungan sasi, monumen ingkang awujud reca kala wau dipunanggep boten jumbuh kaliyan ajaran agami Islam. Kabupaten Sidoarjo sampun kasebut kanthi kutha santri, kathah pondok-pondok pesanten ingkang sampun kawentar manggen ing kutha Sidoarjo. Pramila menika amrih njagi toleransi saha kanthi mujudaken kahanan kang adhem ayem tentrem kangge masyarakat, monumen menika dipunbongkar lan dipungantos kaliyan reca ulam urang lan bandeng, ingkang sampun dipunkenal kangge lambang kutha Sidoarjo.

Lambang arca urang lan bandeng menika sampun jumbuh menawi dipunginaaken dados ikon kutha Sidoarjo. Kutha Sidoarjo sampun dipunkenal daerah lan kutha sanesipun dados kabupaten ingkang ngasilaken kerupuk. Produk kerupuk asal Sidoarjo menika sampun dipun-*ekspor* dumugi mancanegara. Sidoarjo kagolong pengasil urang lan bandeng ingkang paling kathah wonten ing Jawa Timur. Anggenipun mbangun monumen Jayandaru menika ugi adhedhasar saking Kabupaten Sidoarjo ingkang dados kutha UMKM. Monumen Jayandaru kasebat gambaraken *dinamika* masyarakat kanthi kathahipun para pelaku UMKM. UMKM wonten ing Sidorjo kathah ingkang ebah wonten ing industri kerupuk. Mila menika salah satunggaling ornamen ing monumen Jayandaru inggih wonten ornamen kerupuk.

Inggilipun monumen Jayandaru menika kirang langkung 25 meter. Monumen urang lan bandeng wonten ing Alun-alun menika dipunresmeaken dening Bupati H. Saiful Ilah tanggal 29 Mei 2015. Bupati Sidoarjo nggadhahi pangajeng bilih kanthi monumen urang lan bandeng wonten ing Alun-alun Sidoarjo ingkang dipunparingi nama Jayandaru menika saged mujudaken raos bangga kangge sedaya masyarakat Sidoarjo. Alun-alun Sidoarjo ugi jangkep kangge sarana santai kaliyan kaluwarga, sampun dipunbangun gazebo lan dipunsediyani taman bermain kangge lare-lare. (Dwi Putri)



PERESMIAN BALAI BACA



Ing tanggal setunggal Maret 2018 Kepala Balai Bahasa Jawa Tmur ingkang sampun purna tugas, Bapak Amir Mahmud ngresmiaken Balai Baca ing tingkat rukun tangga (RT) wonten Perum Gading Fajar, Siwalanpani, Buduran, Sidoarjo kanthi tema " Dengan Membaca Kita Bisa Melihat Dunia". Balai Baca menika dipunbangun dening warga RT 24/RW 05, ingkang dipunsponsori piyambakipun Bapak Amir. Masyarakat sakmenika sampun milai sadar dene babagan literasi (maos-nulis) penting sanget amargi saged ningkataken wawasan, kepinteran, kreativitas, lan inovasi manungsa.

Pak Amir Mahmud ing sambutanipun ngendika menawi Balai Baca menika dipunbangun kirang langkung 1,5 taun kanthi swadaya para warga RT 24. Panggenan kangge maos menika bentukipun joglo ukuran 5x5 meter persegi lan rak kangge buku ukuran 3x3 meter persegi. Wiwitanipun ide Balai Baca menika saking obrolan ing andhapipun wit nangka, nanging ide menika teras dipunsambut antusias kaliyan kanca-kanca RT 24. Namung itungan jam mawon, pengukuran lokasi kangge fasum lan penggalian calon tiang dipunwiwiti, tanpa ngrantos tukang watu. Wonten warga ingkang nyumbang wesi, semen, bata, pasir kanthi ikhlas.

Saklajengipun Pak Amir ngaturaken bilih Balai Baca menika mugiya saged kangge sarana menghijrahkan pikiran lan manahipun lare. Pikiran lare menika saksampunipun maos buku saged langkung lantip, kreatif, lan inovatif. Manahipun lare saged langkung fokus lan tenang sahingga lare saged gadah cita-cita ingkang logis. Mila mekaten, buku-buku waosan ingkang kita cepakkaken kedah buku-buku ingkang bermutu sarta nuntun pola pemikiran lare menika.



"Sakmenika sampun wonten buku cariyos lare kirang langkung 150 judul saking sumbangan Balai Bahasa Jawa Timur, ugi wonten majalah-majalah sumbangan saking para warga RT 24. Pengurus perpustakaan sampun kabentuk, lan pengurus menika taksih siswa sekolah dasar. Kita kapurih pados sumbangan buku utawi tumbas supados materi waosan kangge lare langkung kathah lan variatif. Bangunan menika dipunparingi nami "Balai Baca" supados talingan lare wiwit alit sampun paham lan mangertos kaliyan istilah "baca" lengkap sakbukunipun. Kedahipun nami Balai RT, Balai RW, Balai Desa menika saged dipungantos dados Balai Baca," ngendikanipun Bapak Amir Mahmud.

Sakjatosipun Balai Baca menika mbantu mujudaken program pemerintah. Negara kita sakmenika saweg gencar ningkataken minat maca-nulis masyarakat kanthi program literasi (baca-tulis) utawi Gerakan Literasi Nasional (GLN). Kabupaten Sidoarjo sampun wonten Peraturan Bupati Nomor 104 Tahun 2016 babagan Pedoman Pelaksanaan Literasi. Suka citanipun gerakan menika dipunsambut sae dening masyarakat milai tingkat rukun tetangga (RT). Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kemendikbud sampun dados ketua GLN. Mila makaten sampun wajar menawi Balai Bahasa Jawa Timur, Kemendikbud sarana kepala Balai ingkang sampun purna nggerakaken minat maca-nulis ing lingkungan lan sekitaripun.

Kaleresan kaliyan bab menika, Balai Bahasa Jawa Timur wajib ngawal lan teras nggerakaken GLN supados program maca-nulis dipunlajengaken dening sedaya lapisan masyarakat, khususipun ing Jawa Timur milai tingkat RT ngantosi tingkat provinsi. Sedaya pambudi ing saklajengipun saged nuwuhaken generasi emas ingkang lantip, kreatif, inovatif, santun, lan kompetitif ing tingkat nasional, regional, lan internasional. Wasana, menika ingkang dados makna tema peresmian Balai Baca "Dengan Membaca Kita Bisa Melihat Dunia".

Amir Mahmud





JURUMARTANI, PANANGSANG (2)

(Serat Babad Tanah Jawi)

Kala samanten Sunan Kudus pinuju lenggah ing dalemipun kaliyan Pangeran Panansang. Sunan Kudus ngendika dhateng Arya Panansang, "Wong *ngalap dho guru* iku ukume apa?"..

Arya Jipang matur alon, "Ukumanipun pinejahan, sarehning kulo dereng sumerep, sinten ingkang gadhah lampah makaten punika?"..

Arya Panansang sareng mireng dhawuhipun Sunan Kudus lajeng sagah badhe amejahi Sunan Prawata, nunten angutus abdinipun *kajineman*, anama Rangkud, *andikakaken nyidra* Sunan Prawata. Rangkud inggih lajeng mangkat. Sadhatengipun ing Prawata, inggih sampun kepanggih wonten ing dalem. Sunan Prawata pinuju gerah, *asesendhen* ingkang garwa, sareng ningali dhatengipun Rangkud. Sunan Prawata pitaken, "Kowe iku wong apa?". Rangkud matur, "Kula utusanipun Arya Panansang, andikakaken nyidra ing sampeyan."

Sunan Prawata ngandika, "Iya, ing sakarepmu, nanging ngamungna aku dhewe kang kokpateni, aja *angilok-ilokake* marang wong liyane. Rangkud lajeng nyuduk ing sarosanipun. Sunan Prawata jajanipun *butul* terus ing *gigir*, anerus jajanipun ingkang *garwa*. Sunan Prawata sareng ningali ingkang garwa ketaton, enggal narik *dhuwung* anama Kyai Bethok, kasawataken dhateng Rangkud. Pun Rangkud kabeser ing *kembang kacang* ing dhuwung, andhawah ing siti lajeng pejah. Sunan Prawata lan sagarwanipun inggih sampun seda. *Sinengkalan* sedanipun Sunan Prawata: 1453.

Milanipun Arya Panansang purun aken nyedani Sunan Prawata, sebab ingkang rama Arya Panansang sampun dipunsedani dening Sunan Prawata, pinuju kondur saking Jumungahan kacegat wonten ing margi dhateng utusanipun Sunan Prawata, anama Surayata. Ki Surayata wau inggih lajeng dipunpejahi dhateng abdinipun ingkang rama Arya Jipang. Punika cariyos kala sedanipun ingkang rama Arya Panansang.

Kacariyos Sunan Prawata wau kagungan sadherek estri, anama Ratu Kalinyamat. Punika sanget anggenipun boten narimah menggah ing sedanipun ingkang raka, lajeng mangkat dhateng Kudus kaliyan garwanipun, sumedya nyuwun adil ing Sunan Kudus. Inggih sampun kepanggih sarta nyuwun adil.

Wangsulanipun Sunan Kudus, "Kakangmu iku wis utang pati marang Arya Panansang, *samengko* dadi *sumurup* nyaur bae."

Ratu Kalinyamat mireng wangsulanipun Sunan Kudus makaten punika, sanget sakit ing manahipun. Lajeng mangkat mantuk, wonten ing margi dipunbegal utusanipun Arya Panansang. Garwanipun Ratu Kalinyamat dipunsedani. Ratu Kalinyamat sakalangkung memelas, sabab mentas kesedan raka, nunten kesedan garwa, dados sanget anggenipun prihatos, lajeng martapa awewuda wonten ing Redi Danaraja. Ingkang *minangka* tapih, remanipun *kaore*. Ratu Kalinyamat *aprasetya*: boten purun angangge sinjang salaminipun gesang, yen Arya Jipang dereng pejah. Punapa dene *apunagi*, sinten-sintena ingkang saged amejahi Arya Jipang, Ratu Kalinyamat badhe *ngawula*, lan sabarang gegadhahanipun kasukakaken sadaya.

M.A. Sudi Yatmana, B.A. (Bhinneka)

Katrangan tegesing tembung:

1. *ngalap do guru* : mendhet kalih guru, ngrangkep guru
2. *kajineman* : pulisi sandi, pulisi kapetengan
3. *andikakaken nyidrra* : kadhawuhan mejahi
4. *asesendhen* : alelendhehan
5. *angilok-ilokake* : angatut-ngatutake
6. *butul* : bolong, tekan, jebul
7. *gigir* : geger
8. *garwa* : semah
9. *dhuwung* : keris
10. *kabeser* : kabeler
11. *kembang kacang* : peranganing keris
12. *sinengkalan* : dipunsukani tandha taun
13. *Jumungahan* : Jumuwahan, sembahyang Jemuwah
14. *samengko* : saiki
15. *sumurup* : dipunganggep, minangka
16. *minangka* : dados, kangge
17. *kaore* : kawudhar
18. *aprasetya* : aprajanji
19. *apunagi* : aprajanji
20. *ngawula* : ngabdi,ngenger

PACOBAN

dening :
Ibune Dhenok



Aku lagi judheg, dhadha iki rasane kaya jebol-jebola mikirake nasib kang lagi dak sandhang. Mas Bimo bojoku kepeksa mlebu tahanan amarga milara mandhore kang kahananane saiki durung karuan. Embuh mati apa urip, ing rumah sakit kana. Perkarane sing jelas aku ora ngerti, ananging aku yakin bojoku ora njarag. Saklawase iki bojoku kalebu wong kang sabar, lan ngalahan. Karo kanca rowange ya ora nate tukar padu. Apa maneh karo wong kang pantes diajeni kaya mandhor Karta. Mesthi ana apa ta apa sing ndadekake mas Bimo kelangan kendhali diri. Miturut Yanto, tangga lan uga mitra kenthele pancen mandhor anyar siji ki rada nganyelake. Senajan Yanto ora ngerti perkarane sing nggenah, dheweke uga yakin yen kabeh mau dudu salahe mas Bimo. Ananging apa gunane, nggoleki sing salah lan bener, sing kudu dak adhepi saiki bojoku mlebu bui, gara-gara "penganiayaan berat" sing korbane meh wae kelangan nyawa!

Kanthi rangu-rangu aku mlebu kantor kang tumata asri kang mapan ing jalan pro-tokol ing kuthaku. Sawijining wanita mudha mapakake tekaku kanthi semanak.

"Mangga bu pinarak, ngersakaken menapa?" takone karo mesem. Aku unjal ambegan, bingung anggonku miwiti.

"Menapa saged pinanggih pak Hermansyah?" takonku seret.

Wanita ing ngarepku mandeng aku tajem. Aku ngerti sing dak goleki dudu wong sembarangan. Nanging aku wis nekad aku kudu ketemu.

"Menapa sampun wonten janji?" takone isih alus, senajan aku ngerti ana bab-bab liya kang beda, tangkepe marang aku.

Aku gedheg alon, rumangsa ora nate ana cecala sakdurunge. Kanthi alus lan wijang wanita ayu ing ngarepku njlentrehake kepriye kudune ketemu Pak Hermansyah. Uga ana jadwale, kanggo ketemu dheweke. Aku ing ngarepe rasane kaya wong goblok kang ora ngerti apa-apa. Edan tenan,... uisin, jan mangkel tenan rasane. Embuh mangkel karo sapa, wong ki nek mlarat ketemu kanca wae kok ya angel. Hermansyah iku kancaku wiwit SMA, sakjane ya ora pinter, nanging nasibe apik. Wong tuwane lumayan sugih, lan ya pawongan kinurmat. Yen saiki dheweke dadi wong gedhe

ki ya wis pantes.

Aku klentreng-klentreng jumangkah ninggalake plataran kantor cekli iku menyang ratan gedhe. Ana sedhan gilap mandheg, persis neng ngarepku.

Aku mlaku rada rikat sumingkir, karo mbatin: "Byuh, wong ki lek mlarat arep mlaku wae kok yo ora bebas. Buktine sedhan mau dupeh apik wae mandheg sakkepenake udele kaya sing ngadeg neng ngarep ratan ki ra nduwe nyawa wae.

"Laras,....Laras,.....awakmu bener Laras kan?" suwara iku cetha keprungu neng kupingku. Lon-lonan aku noleh rangu- rangu. Wong lanang bregas, kanthi penganggo jas lengkap ngadeg ora adoh saka papanku. Aku ora wani maspadakake kanthi permati. Ulap karo kahananku dhewe. Dak sawang sandhang penganggoku kang lungset, sandhal jepit kang dak anggo, adoh banget karo wong lanang nggantheng kang saiki ngadeg ing ngarepku.

"Iki Laras kan? Piye kabarmu? Mosok lali karo aku?" kandhane sepisan maneh.

Aku lagi wani ndengengek, apa bener iki Herman? Kancaku wiwit SMA nganti kuliah, putrane Pak Harjo guruku biyen. Aku mung bisa ndomblong. Senajan ing batin ngucap syukur wong sing dak goleki akhire ketemu, ing ngarep kantore. Senajan rupane saka rumangsaku wis malih adoh, nanging suwarane aku ora pangling. Hermansyah saiki katon luwih nggantheng, bregas lan saka netrane katon kebak wibawa. Adoh banget karo Hermansyah 16 tahun kepungkur kang ngloyet, rambute arang-arang lan kacamata minuse marahi bocah wadon aras-arasen nglirik dheweke. Aku isih mlongo nalika dheweke mesem karo ngulungake tangane. Ing atiku ana perang antarane rasa sungkan lan pengarep-arep kang kaya-kaya katon saya cetha ing ing ngarepku. Pengarep-arepe wong asor kang wis tanpa daya!

Hermansyah ngajak aku mlebu kantore kanthi semanak. Pegawaine sing ayu-ayu katon rada mlengak weruh aku bali mlebu bebarengan karo bose. Nanging enggal-enggal sumingkir sawise ngladekake teh botol. Beda karo sadurunge, senajan tangkepe sumanak nanging katon yen mung abang-abang lambe wae. Hermansyah uga ora katon ngenyek nyawang kahananku, senajan penampilanku mung kaya ngene. Tangkepe biyasa karo kanca lawas. Ah, ... Gusti Allah pancen maha adil kaya-kaya wis pantes wong apik kaya dheweke, manggon ing papan sarta nduweni prestasi kaya saiki. Senajan nalika sekolah biyen aku luwih pinter, semono uga mas Bimo, nanging nyatane pancen dheweke luwih kuwat drajat. Dadine malah aku sing tansaya ewuh aya arep kandha apa marang dheweke. Kuwatir ngrusak suwasana.

Sawise kabar kinabaran sakperlune, lan ngobrol bab kanca-kanca biyen, dheweke takon,

"Awakmu saiki neng ngendi Ras, wayah kuliah kae trus ilang ora ana kabare, apa ya terus sida rabi karo Bimo?" takone tetep renyah. Ora ngrasakake aku sing di takoni ingah-ingih kecipuhan. Tibake Hermansyah ora ngerti critaku biyen, apa nambong ethok-ethok ora ngerti. Ach,...aku uga kelingan yen biyen ngono Hermansyah ki ya mambu ati karo aku. Nanging aku ya mesthi wae milih mas Bimo, luwih nggantheng, modhis lan ya luwih pinter.Trus sing paling penting *kesanne* luwih gaul, istilah saikine. Beda karo Hermansyah sing kuru ngloyet, masiya kulite resik nanging ora pati menarik.

Aku manthuk nggiyani, karo mesem ampang.

"Anakku siji Her lanang" kandhaku njangkepi.

"Kalah no karo aku, anakku telu Ras, wadone siji ragil," kandhane karo ngguyu banter.

"Piye, kabare Bimo, rak sehat-sehat ta?" pitakone entheng.

Aku unjal ambegan dhadhaku rasane tambah seseg. Hermansyah nyawang tajem,

mungkin katon banget owah-owahanku.

"Hemh,...jare bocah-bocah awakmu mau mentas nggoleki aku, apa sing bisa tak bantu ?" kandhane Hermansyah karo isih mesem seger, katon tambah nggantheng. Ya mungkin tujuwane ngalihke suasana, nanging wong masalahe ki gandheng. Aku tambah saya blangkemen. Edian tenan,...wong ki lek kondisine gak tepak sembarang kalir kok ya ora kepenak. Awak yen lagi apes ora kok kaya ngene. Bareng wis ketemu aku malah bingung, kudu piye.

"Her, maaf nek tekaku ora mbok karepke," kandhaku mbukane rembug.

"Ora...ora... aja ngomong ngono....," kandhane lirih, munggel olehku omong.

"Kandhaa sapa ngerti aku bisa mbantu," kandhane maneh, sikepe tetep ramah lan sumanak. Kaya-kaya menehi kesempatan kanggoku kanggo nglairake apa sing dadi uneg-unegku. Aku banjur crita. Senajan kadhang ya karo mbrebes mili.

Aku akhire kanthi lancar bisa nyritakake lelakonku. Mari krungu critaku, Hermansyah lenger-lenger lan bola-bali ambegan landhung. Ora usah dikandhaake aku ya ngerti yen bojoku kepriyea wae kondhisine salah. Soale korbane jelas ana lan ya bener-bener dheweke 'melakukan tindak pidana' kang uga diakoni karo mas Bimo. Nanging perkarane apa, nek wis ngene khan ora penting, paling-paling mung kepriye

ngurangi ukuman yen bebas jelas ora mungkin.

"Ras,...awakmu kira-kira rak ya wis bisa mbayangne apa sing bakal kedadean,"kandhane Hermansyah ngati-ati.

Aku manthuk angles.

"Neng ngendi dheweke ditahan?" pitakone maneh.

"Polsek cedhake papane nyambutgawe," kandhaku alon.

"Oke, saiki awakmu mulih dhisik, ayo dak terke," kandhane lirih tanpa ngenteni pasetujonku dheweke ngadeg.

Neng dalan aku meneng wae. bingung apa kang kudu dak omongke. Hermansyah dhewe ya ora takon apa-apa ngenani aku. Kaya-kaya wong loro keli ing angen-angene dhewe.

"Leren kene dhisik," kandhane Hermansyah alus, nanging cukup ngagetake aku. Pranyata dheweke ngenggokake mobile ing rumah makan gedhe. Kang rumangsaku wiwit enom biyen sampek anakku sekolah SMP aku mung krungu critane thok. Hermansyah langsung pesen panganan tanpa ngenteni pilihanku. Aku dhewe kaya-kaya ora duwe pilihan, apa nikmate mangan enak yen ing ngomah anakku lanang mulih sekolah iki mengko mung ngadhep sega karo sambel kecap, nyel! Apa bisa aku ngrasakke mangan kanthi enak, lan jenjem, yen bojoku ngadhepi prakara kang ora sepele.

"Ayo Ras... ayam panggange didhahar gak enak nek adhem," kandhane Hermansyah karo nyruput es rumput laut.

Aku mung manthuk karo imbuh sega, bayangane Wijang, anakku lanang kumlebat ing ngarepku. Ngulu sega rasane seret. Jus jeruk dak sruput sithik kanggo ngendhoni pangrasaku.

"Anakmu umur pira Ras?" pitakone Hermansyah ngagetake aku, kaya-kaya ngerti apa sing dak pikirke.

"Limalas taun. Saiki kelas loro SMP," kandhaku nyoba sareh.

"Wahhh wis gedhe no? Kok ora tambah Ras?" kandhane mesem.

Aku mung ndhingkluk karo njawab," Wong siji wae bingung Her, khan sing kerja mung mas Bimo,... tur maneh ya mung pekerja kasar gek penghasilane pira?" gunemku lirih.

"Ah,...ya ora kena ngono. Bocah ki rejekine dhewe-dhewe. Anakmu kaya sapa Ras, rak pinter," wong awakmu biyen *the best* lo neng

sekolahan," kandhane karo njupuk gelas ing ngarepe dientekke.

"Nanging kan panggah pinteran awakmu Her," kandhaku karo mungkasi anggonku mangan. Hermansyah dhewe sajake wis rampung kawit mau.

Hermansyah ngenggokake sedhane ing plataran omah tuwa kang kahanane isih kaya 16 tahun kepungkur nalika kanca-kancaku dolan kalebu Hermansyah iki. Ibuku katon ing emper nalika Hermansyah nyedhaki panjenengane, uga anakku lanang sing isih nganggo seragam sekolah.

"Le,...iki kancane ibu biyen, asmane Pak Hermansyah. Kene salim dhisik," kandhaku ngenalke. Anakku mara salaman. Hermansyah ngelus-elus pundhake karo ngelungke bungkusan kang mau dicangking. Aku kamitenggengen. Ora ngira yen tas isi dhos mau arep diwenehne anakku.

Apa dheweke krasa sing dakpikirake ya, ah embuh! Aku enggal-enggal ngipatake angen-angenku lan ngacarani lungguh. Hermansyah nulak alus kanthi pawadan isih akeh kang kudu diayahi lan ngelingake mengko udakara jam 4 sore dheweke ngejak tilik Mas Bimo.

Sawise Hermansyah mungkur, anakku age-age mlebu omah karo nggawa wungkusan ing njero tas kresek kang diulungke Hermansyah mau. Simbahe wedok ngetutke saka mburi. Rampung ganti klambi lan wisuh dak deleng ibuku karo anakku wis themel-themel mangan ayam panggang sajak ndhemenake. Aku nelangsa banget. Rasane, sasuwene iki, ya lagi saiki aku nyawang anakku mangan kanthi ndhemenake.

Aku lan Hermansyah jumangkah mlebu ing plataran Polsek kang ora sepiraa amba. Saka waliking krangkeng katon wong lanang kang dak tresnani ungak-ungak Atiku angluh. Aku jumangkah nyedhak krangkeng dene Hermansyah ngener papane panjagan. Tangisku kutah dhisik. Sapa sing tega ndeleng bojo kanthi kahanan kaya ngono.

Patemon antaraning Mas Bimo lan Hermansyah katon amem. Mas Bimo ketara *down* banget. Senajan Hermansyah ora leren-leren anggone mbombong. Dak akoni Hermansyah apik banget. Senajan bojoku wong tahanan lan biyen ora sepiraa cedhak, ngonowa tangkepe tetep ndemuluri. Apa merga kalungguhane sing lagi "diatas angin" njur dheweke enjoy wae. Embuh ahhh...

Montor sedhan abang tleser-tleser ninggalake Polsek ing pinggir kutha iku. Aku nyawang ngarep tumlawung adoh. Apa maneh yen ngelingi kahanane mbojoku. Atiku tambah nelangsa. Hermansyah meneng wae, kaya-kaya melu katut ing uleging pangangenku. Aku lagi sadhar nalika montor mandheg ing sawijining rumah makan kang tumata peni, ora jembar nanging asri. Aku kaya kebo dituntun, nalika Hermansyah nggandheng tanganku. Aku mung manut wae.

"Awakmu kena susah Ras, nanging aja kedlarung-dlarung," kandhane Hermansyah alus lan krasa cedhak banget.

Aku kaget, rada njingkat. Tanganku digegem kenceng. Aku isih durung sadhar, kudu kepriye ngadhepi sikepe Hermansyah. Panyawangku muter ndeleng kahanane rumah makan kang tinata peni. Lan lagi sadar yen palungguhan ing kene ditata artistik banget lan nuwuhake suasana kang romantis. Geneya aku dijak rene, apa bener karepe mung nyeneng-nyenengake atiku. Kepriye yen bojone cemburu, dumadakan aku ngrasa miris, wedi lan bingung kang tanpa upama.

Pesenane panganan teka. Hermansyah rada ngadoh lungguhe. Aku unjal ambegan lega. Nanging durung kober aku mingset dheweke wis mbalik mepetake lungguhe ing sandhingku.

"Awakmu ki ayu lo Ras, mbok dandan cik ben ketok seger. Aja suntrut ngono." kandhane katon asih, karo ngrangkulake tangane ing sendenan kursi.

Dhuh,...mrindhing rasane. Kelingan bojoku nang tahanan, kelingan anakku, uga kelingan biyen Hermansyah kang nduweni rasa seneng marang aku, ah apa aku sing GR.

"Pikiren Ras, ora adil yen awakmu uga kudu melu *menderita*, merga kahanane bojomu" kandhane Herman alus.

"Apa karepmu Her," ucapku ngati-ati, aku isih sadhar nasibe bojoku. Tanganku dicekel Hermansyah diremet alus, nanging kanthi ati-ati aku ngeculke.

Aku wong loro meneng-menengan, Hermansyah ngentekake ombene. Chinese food ing ngarepku mung kalong separo. Mlebu gorokan kang rasane saya krasa seret. Semono uga juice apokat sing dipesenake Hermansyah. Nalika arep pesen cap jay aku nulak kanthi alasan sing mau isih ana. Kluntrung-klunrtung wong loro mlebu mobil, ninggalake restoran iku. Langit katon saya peteng. Kaya pengarep-arepku. Dhuh... apa kabebasane Mas Bimo kudu dak tuku nganggo ajining diriku? Abot banget pitukone?! Aku bingung, kudu kepriye. Panyawange Hermansyah kang mesra lan kadhang nakal, apa aku cukup kuat iman ngadhepi sakabehe?

"Sorry aja dipikir banget-banget sing mau," kandhane Hermansyah alon.

"Aku mung gak kepingin awakmu kedlarung-darung susah. Yeach,.... realistislah kanggo anakmu, awakmu lan uga kanggo Bimo," bacute kaya tanpa sanggan.

Aku manthuk mlakune montor saya laju. Wong loro mung meneng-menengan, aku uga bingung. Kanggo mas Bimo aku kudu nyepakake apa? Kanggo urip saben dina wae pas-pasan. Trus tak nggo mbayar pengacara apa? Realistis,....apa sing dikarepake Hermansyah kanthi tembung realistis!?

Sadalan-dalan nganti plataran omahku, aku lan Hermansyah mung meneng. Akeh kang kudu dak pikirake, nasibe mas Bimo, anakku. Trus piye sak teruse nasibku sak suwene mas Bimo nang ing penjara mengkone. Aku kang ora cekel gawe, kandha-kandhane Hermansyah sing kebek teges, nggembuleng ngebaki pikirku. Abot temen nasibku. Apa iya kanggo nylametake bojo, aku kudu ngurbanke awakku? Trus apa aku cukup kuwat ngadhepi dina-dina mburi tanpa pengasilan sing cukup. Lan apa atiku cukup tatag kanggo ngadhepi panggodhane Hermansyah. Aku gedheg-gedheg miris. Dhuh Gusti, kawula nyuwun kekiyatan!

Wengi iki aku ora bisa turu. Ora ngerti apa kang kudu dak lakoni. Kanthi pasrah lan ati kang rada semplah aku njupuk banyu wudhu. Jam rolas wis kliwat, mataku blas ora krasa ngantuk. Tangisku dak suntak ing ngarsaning Gusti. Ora ana kang bisa tak tangisi kajaba Panjenengane. Kabeh dosa lan salahku gumawang cetha. Kabeh dak suntak tapis.

Sawise aring lan ngrasa lerem ana saplethik tekad, kang dak regem. Kanthi cara apa wae aku kudu miwiti uripku dhewe. Kanggo aku, anakku, uga mas Bimo. Aku nyambutgawe! Apa wae pokok halal. Masalah mas Bimo dak pikir karo mlaku. Apa wae bakal tak tempuh angger ora sasar. Aku uga wis nduwe tekad kudu piye marang Herman.

Kaya ora kanthen dak ungak jam ing tembok omah. Setengah telu. Alon – alon tak lukar rukuh lan dak lempit sajadahku. Aku ngglethak ngeremake mripat kang mara-mara krasa ngantuk.

Jeneng sesinglon:
Ibune dhenok
Jeneng asli: :
Wiwik indriyati
d/a Perum Puri Permata
blok J – 22 SEMBUNG
TULUNGAGUNG
Anggota Sanggar Triwida

KORBANIPUN KANTRÉSNAN.

Racikanipun : Cantrik.

MENAWI sampun ngadhep komputer, sedaya sampun mboten wonten ingkang wantun ngganggu. Awit saking anggènipun katungkul pendamelan ingkang sesambetan kaliyan perangkat komputer, sok ngantos kesupèn maem.

"Mbok mangan dhisik, jaga awaké. Kaé ngendikané pak mantri keséhatan, telat mangan sok njalari lara mag," ngendikanipun ibuipun.

Nanging ingkang dipun élikaken sampun mboten ngrèken babar pisan, ketungkul anggènipun mèncèti tuts komputer. Duka, ngendikanipun ibuipun dipunmirengaken menapa mboten. Punapa malih adhikipun, angger sumerep mbakipun sampun ngadhep kompunter, mboten wantun babar pisan nyelak.

Dalah kanca-kancanipun ingkang raket inggih sampun nyumerepi wewateganipun. Pramila, menawi kancanipun wonten ingkang dhateng, kleresan piyambakipun ngadhep komputer, ibu utawi rayinipun ingkang manggihi langsung dipuncriyosi menawi nembé sibuk ngetik. Kancanipun ingkang mertamu langsung nyuwun pamit, amargi sadèrèngipun sampun dipuncriyosi wanti-wanti ampun ngantos nggangu, liripun manggihi, rikala piyambakipun nembé ngetik.

Kados ingkang kedadosan ing dinten menika. Winda kanca raketipun kepara kenging kawastanan sedhèrèk sinara wadi, ingkang sampun mèh kalih taunan mboten pinanggih, dinten menika dugi. Kepéngin nyuntak isining manah kados nalika tasih reruntungan kala rumiyin.

"Kula nuwun," ucapipun ingkang nembé dhateng.

"Mangga,..." jawabipun Ucik, mbikak konten. Sumerep ingkang nembé dhateng, Ucik njengkerutaken alisipun, pratandha bilih piyambakipun kesupèn.

"Dhik Ucik, nggih? Kesupèn? "

"Mbak Winda?' ingkang katebak naminipun mèsem.

" Oo, nggih mèh kesupèn. dangu mboten pinanggih. Mangga mlebet Mbak, pripun kabaripun,?" ucapipun Ucik nggandhèng astanipun Winda.

"Pangèstunipun, "

"Njenengan sampun dangu mboten tindak mriki, Mbak."

" Repot Dhik, Bapak Ibu tindak?

"Nika wonten wingking," ingkang dipun criyosi langsung dhateng dalem wingking dipuntutaken Ucik. Sasampunipun bagé binagé kawilujengan, Winda kaliyan Ucik wangsul dhateng ruang tamu,.

"Mbak Dia wonten, Dhik Ucik?"

"Wonten, nika nembé nggethu ngetik."

Winda sareng mireng bilih Diana ingkang badhé dipunpanggihi nembé ketungkul ngetik, manahipun rangu-rangu. Piyambakipun sampun ngertos wewateganipun mitra sinarawadinipun punika. Mboten kenging dipunganggu menawi nembé ngetik. Menika sampun katindakake wiwit kekalihipun taksih runtang-runtung rumiyin.

"Pripun nggih, Dhik. Mbak Dia purun kula panggihi mboten, nggih."

"Mangga, dipunpanggihi kémawon, sampun dangu mboten pinanggih, mosok mboten kapang," ucapipun Ucik .

Winda lajeng tumuju dhateng kamar kerjanipun Diana. Sumerep mitranipun nembé ketungkul anggènipun ngetik, Winda gojag-gajeg.

"Mbak Dia, nembé sibuk?" semantanipun Winda.

Ingkang dipun undang mboten nglegéwa, tetep anggènipun ngetik. Nolih kemawon mboten. Winda wiwit ragu-ragu, siyos manggihi mitranipun menika, menapa mboten. Niyatipun manggihi badhé ngesokaken sadaya ruweting pikiranipun. Dhatengipun nggéndhong sesanggan ingkang mboten ènthèng. Sesanggan ingkang angèl pados kerampungan. Sesanggan ingkang nembé badhé kaudal ing ngajengipun mitra sinarawadi. Menggah sesanggan menapa ingkang kasandhang Winda, tiyang sepuhipun kemawaon dèrèng dipunaturi, nanging malah mitranipun ingkang sepisanan badhé dipuncriyosi.

"Mbak Dia, nyuwun pangapunten nggih, menawi kula ngganggu. Kula kepengin curhat kados rumiyin. Sampun dangu kita mboten pinanggih, mèh kalih taun, sasampunipun kula pindhah saking mriki."

Mireng suwantenipun Winda kalawau, Diana rumaos kados natos tepang kaliyan suwanten punika. nanging wonten pundi, saha kala menapa? Suwanten ingkang dipunanggep ngganggu konsèntrasinipun. Ingkang wicanten criyos bilih mèh kalih taun mboten pinanggih. Ing manahipun Diana nliti, sinten mitranipun ingkang dangu mboten pinanggih. Sinten ingkang gadhah suwanten, menika. Sedaya pitakèn namung wonten ing manahipun, piyambakipun tanpa nolih. Drijipun taksih pencolotan ing ngginggilipun aksara-aksara keyboard, kala-kala tanganipun tengen nyandhak mose.

"Mbak Dia, kula ngertos menawi Mbak Dia pinuju ngetik mboten purun kaganggu. Kula ngertos lan tansah emut piwelingipun Mbak Dia rumiyin, bilih Mbak Dia nembé ngetik sinten kemawon mboten angsal ngganggu. Wekal menika kula mbetahaken sanget pamanggihipun Mbak Dia. Nanging, menawi njenengan mboten purun lan tetep ngugemi paugeran panejenengan piyambak, kula badhé wangsul, namung kemawon ampun getun menawi mboten pinanggih kula malih."

Diana taksih dèrèng nanggapi, taksih manther anggènipun ngetik. Nanging sejatosipun ing manah wonten campuh, antawisipun ngugemi kekajeganipun piyambak, menapa nanggapi tamunipun, ingkang pancèn sampun dangu sanget mboten pinanggih. Punapa malih Winda nembé ngucap kados panggiri-giri, bilih piyambakipun mboten purun nampi dhatengipun, saged kelampahan mboten pinanggih malih. Saupami, Winda lajeng wangsul sadèrèngipun piyambakipun manggihi, iba kuciwanipun. Manahipun wiwit kabikak, saupami piyambakipun mboten manggihi rak ateges kajawi ndamel kuciwa inggih kalebet dosa.

Diana kèndel anggènipun ngetik, lajeng nolih arahipun suwanten. Sumerep Diana nyawang, Winda nubruk mitranipun wau kanthi paningal kekembeng luh.

"Mbak Dia, kula nyuwun pangapunten, ngganggu Mbak Dia."

"Oh, Dhik Win, mboten Dhik Win. Sami kasugengan?" Diana ngulungaken astanipun ajak salaman.

"Matur nuwun, Mbak Dia. Njenengan kersa kula panggihi,' Winda muwun kaliyan ngruket Diana.

"Mangga Dhik, mangga lenggah mrika. Kula inggih kapang kaliyan Dhik Winda. Leres meh kalih taun mboten kepanggih."

Diana kaliyan Windha kekanthèn, tumuju ing kursi tamu.

"Pripun Bapak Ibu, adhik-adhik sami kasugengan, Dhik?" pitakènipun Diana

ngabaraken.

"Inggih, pangestunipun, Mbak. Mbak Diana sehat nggih, katingal seger."

Tiyang kalih sami kabar-kinabaran. Diana migatosaken kawontenanipun Winda, ingkang katingal badanipoun kera, praupanipun kados nandhang pikiran ingkang awrat. Mila lajeng kawedal wicantenipun Diana.

"Dhik Win kok katingal radi pucet, punapa bibar sakit?"

Dipun takèni makaten, Winda nyawang Diana, lajeng nguket kaliyan muwun sesengrukan. Anggènipun muwun ngantos mingseg-mingseg.

"Dhik Win, Dhik Win, wonten menapa kok lajeng mular?"

"Mbak Dia,... Mbak Dia....."

"Sarèh, Dhik, sejatosipun wonten menapa?"

"Mbak Dia,... Mbak.. ku... kula...." Winda mboten saged nglajengaken wicantenipun, namung ngelus padaranipun. Diana nyawang Winda, kanthi rangu-rangu piyambakipun ngucap pitakèn

"Dhik Winda....mbobot?" ingkang diuntakèni namung manthuk

"Lha rakanipun?"

"Mbak Dia, ku... kula dèrèng nikah."

Mireng jawabanipun Winda, Diana ajemblak kaget, paningalipun manther nyawang Winda.

" Lajeng...." pitakènipun Diana kurdheg mboten saged nglajengaken.

"Mas, Mas Wahyu mboten tanggung jawab."

"Sinten niku Mas Wahyu?"

"Mas Wahyudiono, pacar kula. Sampun setunggal taun kula pacaran. Tigang wulanan kapengker, kula pasrah. Criyosipun piyambakipun badhé tanggel jawab, ning sakmenika mboten saget kula hubungi."

Mireng nami Wahyudiono, Diana kagèt. Ing batosipun Diana. mugi-mugi namung naminipun ingkang sami. Ewasemanten piyambakipun kepengin ngertos langkung kathah ngèngingi nami punika.

"Lah ngastanipum wonten pundi, Dhik?"

"Wonten kantor pajak, ing kitha M, Mbak."

"Pegawai pajak?"

"Inggih, Mbak. Sajakipun Mbak Dia kok sampun pirsa?"

"Dhik Win, gadhah potonipun?"

"Wonten Mbak," jawabipun kaliyan mbikak HP . Lajeng mbikak poto-potonipun ingkang sesarengan kaliyan Wahyudiyono.

"Menika Mbak, tiyangipun," ucapipun Winda kaliyan mbikak potonipun Wahyu ingkang piyambakan. Lajeng mbikak poto sanès ingkang sesarengan piyambakipun, kaliyan ngucap :

"Menika poto sesarengan nalika dolan dhateng Sarangan."

Diana kaget nalika sumerep poto-poto wau. Mboten klèntu lan mboten tiyang sanes., bilih Wahyudiono wau pranyata inggih calon tunanganipun Diana.

"Dados Dhik Winda sesambetan kaliyan menika sampun dangu?"

"Sampun setunggal taun Mbak. Menapa Mbak Dia, tepang?"

Gantos Diana ingkang mboten saged gineman. Praupanipun dados mbrabak, ketingal anggènipun bingung. Diana nggeget lambé, lajeng kawedal wicantenipun :

"Leres piyambakipun ingkang ngisi

dhik Win."

"Saèstu Mbak. Nembé Njenengan ingkang kula criyosi. Kula mboten ngertos, kénging menapa manah kula kados wonten ingkang ngosikaken supados Mbak Dia ingkang kedah kula criyosi. Ibu bapak kemawon dèrng, kula bingung."

Mirena keteranganipun Winda, gantos Diana ingkang ngrangkul kaliyan lajeng muwun.

"Mbak Dia, njenengan kok malah muwun. Kula mriki badhé nyuwun éguh pratikel, njenengan malah kados tiyang bingung. Wonten menapa Mbak? Menapa mbak Dia wonten sesambetanipun kalityan Mas Wahyu?"

"Dhik Win,... Dhik Win,..." suwantenipun Diana kados kandheg ing tengorokan, angèl anggènipun badhé wicanten kanggé njelasaken.

"Primpun, Mbak?"

"Kula tepang sanget Dhik, kaliyan piyambakipun., sampun dados kulawarga piyambak. Kalih minggu sepisan dangu-dangunipun tigang minggu piyambakipun kondur mriki. Dhik Win, sejatosipun kula lan piyambakipun sampun gadhah rancangan, kalih wulan malih badhé tukar kalpika. Kula mboten nginten babar pisan kok wonten kedadosan kados mekaten."

Tiyang kekalih tambah raket anggènipun rerangkulan, ngesok perihing manah, tetangisan.

Dumadakan wonten mobil Avansa mlebet plataran, sasampunipun mandheg lajeng nglakson. Diana saha Winda kagèt, kekalihipun nyawang njawi. Sami mboten kekilapan, bilih menika mobilipun Wahyudiono. Sampun kulina menawi dhateng lan sasampunipun parkir lajeng nglakson.

"Mbak Dia, menika rak mobilipun Mas Wahyu? "

"Inggih, Dhik. Saben mriki menawi parkir lajeng ngungelaken klakson."

"Oo, inggih, leres Mbak. menika tiyangipun medal."

Diana nyandhak astanipun Winda, kagèrèt medal mapag ingkang nembé dhateng, lajeng ngadeg wonten ngajeng kori tengah. Ingkang nembé dhateng langsung mnlebet teras, mboten migatosaken ingkang sami methukaken.

Sareng Wahyudiono ndengèngèk saiba kagètipun, ing ngajengipun sampun jumeneng Winda kaliyan Diana, kanthi soroting paningal ngendhem raos pangigit-igit. Wahyu njegreg wonten tludhakan teras, mboten saget wicanten lathinipun kados kagembok, praupanipun dados pucet.

"Bangsat..... minggat....." pambengokipun Diana ingkang ndamel kagetipun Wahyu saha Winda. Semanten ugi, bapak ibunipun ingkang wonten wingking ugi kagèt mireng panjeritipun Diana, kekalihipun sami medal tumuju pernahipun suwanten. Bapak ibunipun Diana dèrèng ngantos dumugi panggénanan, sampun kasusul panjeritipuin Winda,

"Mbak Dia.....Mbak Dia....."

Diana lemes, lajeng ambruk semaput. Winda jerit-jerit kaliyan muwun. Wahyudiono ing kang manahipun kagubel maneka raos, wirang, ajrih, bingung kepeksa tumut nyandhak ingkang nembé kapidara. Ibunipun Diana pirsa putrinipun semaput inggih lajeng jelih-jelih, kapireng tangga tempalih., lajeng sami gemrudug dhateng. Sanalika kawontenan dados gègèr.

J.F,X, Hoery (Cantrik)
Jl.Diponegoro 59-B padangan
Bojonegoro 62162



Irma lan Pengalaman Anyare

Dening : Zuly Kristanto

Liburan semester bakale rampung. Tegese Irma, bocah wadon sing saiki lungguh ing kelas V SD kuwi kudu bali menyang kutha maneh. Irma sing maune ora gelem diajak dolan menyang kampunge simbahe, saiki malih ganti wegah diajak bali menyang kutha. Apa sing dumadi ing kampunge simbahe nyatane beda adoh kaya kang dibayangake sadurunge. Jebul kampunge simbahe nyenengake banget.

Sasuwene liburan lan nginep ing kampunge simbahe, Irma oleh pengalaman anyar kang akeh banget. ya, merga liburan ing

kampunge simbahe iki kang ndadekake Irma ngerti kepriye carane mancing yuyu lan kena ngapa tanduran pring suwe ngono modote ing taun-taun awale. Saka pengalamane mancing yuyu, Irma diajab dening simbahe supaya ora dadi bocah sugetan kaya dene yuyu.

"Ndhuk, mbesuk yen gedhe aja nganti sugetan utawa gampang nesu kaya yuyu. Merga nesune wong kuwi akeh-akehe mbebayani tumrap sing ngawaki. Iki bisa dumadi jalaran wong nesu mesthi kelangan kawaspadane saengga cedhak cilakane. Becike mbesuk yen wis gedhe dadia kaya pring ya, nduk!" ngendikane mbahe Irma ing sawijining wektu.

"Nggih, mbah. Nanging kados pring niku pripun, mbah?" wangsulane Irma.

Simbahe mesem.

"Ngene, saiki melu simbah menyang tegalan dhisik. Mengko bakal simbah jelaske urip kaya pring iku kepriye!."

Irma mung manthuk tandha sarujuk marang pangajake simbahe.

Kalane diajak menyang tegalane simbahe Irma kaget banget. Ing dina kuwi Irma ngerti ana tanduran pring wis dheweke tandur udakara rong taun kepungkur. Senajan anggene nandur wis udakara rong taun, nanging pring kasebut kaya ora modot-modot. Dhuwure bisa dikandhakake pancet wae. Ing kalane ngerti tanduran pringe ora modhot iku mau Irma tansah mikir ing njero ati, "Hla, iki pring sing tak tandur rong taun kepungkur ora modhot, kok malah simbah ngakon aku supaya dadi kaya dene pring. Gek piye maksude simbah iki, ya? Mosok aku ora oleh tuwuh?" batine Irma.

Dening simbahe Irma ora oleh melu mlebu menyang papringan. Dheweke diutus ngenteni ing omah-omahan cilik sacedhake papringan. Sauntara menit sabanjure simbahe metu saka njero papringan karo nggawa bunge pring cacah loro. Bung cacahloro iku mau rencanane siji bakal dimasak mbahe wedok. Lan sing siji bakal diwenehke Irma kanggo oleh-oleh sedulure kang manggon ing kutha.

"Kung, kung. Irma pareng nyuwun pirsa?" takone Irma.

"Oleh wae, nduk? Arep takon babagan apa?" wangsulane simbahe sinambi ganti takob.

"Anu kung. Irma badhe nyuwun pirsa maksude tuwuh kados pring menika kados pundi. Awit pring ingkang kula tandur nika, senajan umure sampun kalih taun. Nanging dhuwure mboten nambah-nambah. Menapa ingkang kakung ajab dados kados pring menika tegese tuwuh kanthi mboten wonten owah-owahan?" takone Irma.

Mireng apa sing ditakonake putune iku mbahe Irma guyu kepingkel-pingkel. Piyambake ora ngira yen putune bakal nafsirake apa sing nate piyambake kandhake, kanthi tafsiran sing kaya mangkono. Weruh simbahe ngguyu, Irma dadi tansaya bingung.

"Menapa ingkang lucu, Kung?"

"Ya, tafsiranmu iku hlo ndhuk sing nggarai simbah ngguyu."

"Menawi tafsiran ingkang kados mekaten lepat. Lajeng kados pundi tegese tuwuh kados pring?"

"Ya cetha wae kliru, ndhuk. Merga sing simbah karepae ora kaya mangkono."

"Lajeng pripun ingkang leres, Kung?"

Sawise unjal ambegan rada landhung simbahe banjur njelasake menyang Irma ngenani maksud tuwuh kaya dene pring. Sadurunge njelasake luwih adoh simbahe ngendikan, "Ndhuk, bedane pring sing kae lan kae apa?" takone simbahe sinambi nudingake drijine menyang rerengkutan pring ing ngarepe.

"Ingkang setunggal dhuwur, setunggale malih cendhek, Kung," wangsulane Irma.

Simbahe manthuk.

"Awakmu ngerti apa ora ndhuk yen sejatine bedane umur antarane pring sing

dhuwur lan sing cendhek kae ora akeh?"

"Mila ta, Kung? Lajenge kenging menapa saged benten?"

"Pring kae nduweni beda adoh merga pring sing isih cendhek kae, nyiapake oyot-oyote supaya kuat dhisik. Tanduran pring kuwi nduweni sipat sadurunge tuwuh mendhuwur. Luwih dhisik nguwatake oyot-oyote. Sipat kaya mangkene ditindakake dening pring amrih pring ora gampang ambruk kalane wis tuwuh dhuwur. Saka lakune pring sing kaya mangkene bisa dadi pepiling lan piwulang kanggone awake dhewe."

"Piwulang ingkang kados pundi, Kung?"

"Piwulang saka lakune pring nguwatake oyote iki bisa dikandhakake yaiku supaya awake dhewe tansah gelem nyepakake apa wae kang dibutuhake sadurunge nindakake samubarang. Wektu kanggo cepak-cepak samubarang kang dibutuhake iki bisa dikandhake wektu kanggo perjuangan. Kabeh kang kepengin kasil nggayuh apa sing dadi gegayuhane kudu nindakake perjuangan kanthi temenenan."

Irma manthukake sirahe tandha ngerti marang pangandikane simbahe.

"Dados gandhenge ingkang dibetahake pring menika oyot sing rosa, lajeng ingkang diutamake pring nuwuhake oyot ingkang rosa riyin nggih, kung. Dene kageme manungsa, contone Irma ingkang dibutuhake sinau ingkang langkung sregep supados bijine tambah sae, nggih."

"Hla, iku ngerti wisan."

"Hehehehe. Niku wau namung kebeneran kok."

"Saliyane nyepakake oyote supaya bisa mancep ing lemah kanthi rosa. Kanthi pamrih ora gampang ambruk yen katerjang angin. Pring uga nduweni kaluwihan liya, hlo."

"Napa menika, kung?"

"Coba sawangen pring dhuwur sing katiyup angin kae! Pring kae senajan dhuwur lan bola-bali mentelung merga katiyup angin. Nanging dheweke bakal bali ing posisi awale. Saka kedadeyan kang kaya kono kira-kira ana piwulang sing kena dijupuk apa ora, ndhuk?"

Irma godheg tandha ora ngerti.

"Pring sing mentelung kae mujudake carane pring ora ceklek kalane katiyup angin. Mentelunge pring mujudake piwulang supaya awake dhewe tansah dadi pawongan ora gampang nyerah kalane katiyup angin. Angin kuwi gambaran saka masalah utawa tantangan sing diadhepi dening sapa wae. sabanter-bantere angin utawa sagedhe-gedhene tantangan utawa masalah mesthine bakale sirna yen wis teka ing wancine. Dadi daksuwun Irma saliyane dadi bocah kang pinter uga aja dadi bocah kang gampang nyerah ya, ndhuk!"

"Inggih, Kung."

Liburan semester iki mujudake liburan sing paling nyenengke kang nate dialami dening Irma. Senajan mung manggon ing kampunge simbahe nanging senenge ora ngalahke liburan menyang papan wisata sing wis kondhang kaloka. Irma ngrasa kalane liburan menyang kampunge simbahe iki merga dheweke pikantuk pengalaman-pengalaman anyar sing akeh lan angel banget yen dipikolehi ing kutha. Saka pengalaman sing dipikolehi kalane liburan ing daleme simbahe iku Irma janji bakal dadi bocah kaya sing dipinganake dening wong tuwane lan simbahe.

Biodhata Penulis

Zuly Kristanto

RT 02 RW 06 Ds. Mirigambar Kec. Sumbergempol Kab. Tulungagung

085707088247

PEPÉLING

(J.F.X. Hoery)

Rasa kapang kesangsang ing pang gapuk
Nglacak playuné pangangen ngetut angin sumribit
Saupama ing kana kembang asar mekar
Langit sumamburat nrabas awang awang
Nguyak rasa kang ambyar sumebar
Gilar-gilar.

Mripat kucem owah ing sadhéngah wektu
Sikil kadhung jimpé jumangkah wegah
Marga pangrasa cengkah karo krenteging ati
Papan iki wis ora ngangeni manèh
Temlawung ing dhadha pragal kapunggel
Ngregel

Kedhut mripat sasmita tekané pratandha
Ngélingaké getering karep rerambatan cipta
Pandulu temlawung suwung
Apa tlatah iki wis kelangan paugeran?
Kang dumadi padha nerak wewaler suci
Tan pinuji

Tumindak sumangkéyan aji pumpung
Aja kathik blawur kuwur ndhedher eri kemadhuh
Urip kudu bisa milah lan milih
Uwalna sakalir panindak nistha kadurakan
Muhung larasing kidung adi ngumndhang
Gumawang

Pepéling bali dumeling dipadha éling lan waspada
Pangkat semat panguwasa tan pinasthi langgeng
Ora bisa sélak lamun wis tekan titiwanci
Jer kabèh gadhuhan kang kudu bali
Tumandhuk ing purba wasésaning Gusti
Pinesthi @

Padangan-Bojonegoro
Bakdamulud-Dal-1951 (2018)

KARAHAYON.

(J.F.X. Hoery)

Lereging pangauban kang ginantha bagya mulya
dadi panujune karep ngangeni
lumarap saka tlatah-tlatah rineksa,
saka parimarmane sasmita
rikala mendhung munggel thathit
rinengga swasana dhuhkita

Gesang nggayuh pukasing pituwas
kairing ilining banyu bening
saplenik warta saka tlatah pangumbaran
awit jangka isih nyengker warana
pratelakna lamun ana rasa pinendhem
karana tresna asih pinenthang tekad

Kang ngumandhang ujub donga pasrah
amrih dadi pangembating kawilujengan.
tekad kang kinarya kupiya pinundhi
urip wus sinandhi ing sengkeraning Gusti
kalbuning rasa batin sinangga budi
dadi sunggingan ing kanvas panguripan

Angin kang nepusi telenging panguripan,
tumapak ndungkap lunguring kawiryan
ngumandhang ing sungapane swasana
rinesepan endah asrining pagelaran
suwara gegeter sumengka delahan
mbukak korining pangudasmara

Kang jinunjung panujuning batin
keblating rasa wutuhing pangarep
andayani panjangka milang leladi
tumaruntun mantra pangreksa
sumangga Paduka ingkang amurba wasesa
saliring reh karahayon

Padangan-Bojonegoro
1 Sela-Jimawal 1949

PANAKAWAN

dening : St. Sri Emyani

Abdi satriya tama
nggawe guyu ngusadani tatu
laku klawu mecaki dalan gronjalan
Semar eseme samar semu kebak wewadi
nyebar wewarah kangge putu wayah

Gareng raga garing nala kenthel makna
lakon prihatin perih ing ati
tulus ngudi bagusing nurani
G u s t i

Ronggung Jiwan loro tanggung siji kedawan
petruk kanthong bolong
berkether
rejeki kabagi
I l l a h i

Bagong ulah rasa sumendhe jiwa
nyinggahne pikir nut ilining takdir
Panakawan ngronce crita
nyuding kautaman
ngagesang mapan

****Panggul – Trenggalek 0112018***

St. Sri Emyani
SMP Negeri 1 Panggul
Panggul - Trenggalek 66364
(NO HP : 081332221004)

SANDHIWARA

dening : St. Sri Emyani

Paraga mlaku nurut lakon
sanjerone tobong ngruntut aluring crita
kadhapuk bala kiwa onar nguripi wawa candhala
ginaris nguyah asem kalbu tatu
mung kari nglakoni

Kadhapuk paraga tengen
slaga mugen budi tulus alus
lurus ngesti astuti
mung kari nglakoni

Ngiwa apa nengen
ukeling dalan
lakuning sandhiwara
madyaning panggung bawana
mung kari nglakoni

ING TLATAH IKI, SAWIJINING WEKTU

aja mung meneng bae
kalane wengi ngarep-arep jumedhule rembulan
kene, kene dolanan ing tengah latar
mumpung wangine mawar mlathi isih sumebar
yen hawa atis wis ngawe-awe
wayahe mlebu omah ngrapal lungide donga
murih dheweke sing ana paran kelingan
tlatah iki nganti seprene ora ana bedane
sawah pategalan ajeg nela
wit-witan mranggas dadi sawangan
saben dina

aja mung meneng bae
kalane esuk wis mapagake srengenge
ketang lungguhan ing gelaran klasa
kene, kene dakjarwani endahe crita
dheweke saiki wis bisa ancik-ancik gunung
tangane klakon ngranggeh pulung
sapa ngerti gelem sanja ing tlatah iki
ngresiki lurung-lurung sing isih njembrung
mbabadi gegrumbulan dikebaki ri marung
miyak mendhung ngrembuleng saurute wanci

aja mung meneng bae
kalane esuk wis mapagake srengenge
kalane wengi ngarep-arep jumedhule rembulan
yen dheweke teka tanpa taha-taha ngambah tlatah iki
enggal kalungana roncenan mawar mlathi
ajeg tuwuh mangambar ing plataran
dene yen sayah nuli ajaken mlebu omah
suguhana crita ngenani tlatah sing ora nate owah
lan panguripane wong-wong cilik
terus mengkrik-mengkrik

ing tlatah iki, sawijining wektu
pengarep-arep kekiter ing langit biru

2015

Geguritane: Irul S Budianto

ELUH KUWI

apa sliramu wis lali
gurit sing daktulis wingi
anakku terus nangis ing kekepan
pijer mberot sarosane
wedi nyawang gumelare sesawangan
awan lan bengi ora ana bedane

gedhung-gedhung jor-joran ngranggeh langit
ngawe-awe ewon lawa kalong mencok ing pucuke
ing ngisore iklan-iklan gumebyar nawakake
kanikmatan lan kemewahan marang sapa wae
pawongan-pawongan terus njereng pangigit-igit
nggugat kahanan sing nandhang poyang-payingan
nyupatani sawernane aturan
sasuwene iki kandheg ing slorokan

nangisa terus, anakku
kurasen eluh nganti asat
senajan esem-esem kecut tumuju sliramu
aja kokpaelu, aja kokpaelu
paling ora rasa wis kasuntak
ing kekerane wektu sing mbokmenawa isih bisa disanak

eluh kuwi
yen wis wancine bakal njilma glathi
mbeset raine sapa wae
sing wis lali karo janjine


2015



Irul S Budianto mujudake jeneng sing asring digunakake ing tulisan-tulisane. Jeneng asline Khoirul Soleh, SS, lulusan Fakultas Sastra Daerah Universitas Sebelas Maret Surakarta. Saiki dedunung ing Donohudan RT 02/04, Ngemplak, Boyolali, Jawa Tengah. Nate dadi wartawan Jawa Pos Group puluhan taun suwene. Saiki buruh ing Badan Pengelola Keuangan dan Aset Daerah Provinsi Jawa Tengah.
Kajaba nulis geguritan, uga nulis puisi, cerkak, cerpen, crita / dongeng anak, crita rakyat, crita remaja, crita pewayangan / pedalangan, esai / artikel, reportase lan liyane.
Tulisan-tulisane kaemot ing media basa Jawa lan Indonesia, kayata : Suara Merdeka, Wawasan, Kedaulatan Rakyat, Minggu Pagi, Simponi, Swadesi, Surabaya Post, Karya Darma, Bahari, Solopos, Bengawan Pos, Jaya Baya, Panjebar Semangat, Djaka Lodang, Mekar Sari, Panakawan, Jawa Anyar, Damar Jati, Pagagan, Krida, Rindang, Desa Kita, Pustaka Candra, Bahari, Buana, Jemparing, Merah Putih Pos, Praba, Pulung, Swaratama lan liyane.
Sawetara geguritane kaimpun ing antologi : Festival Penyair Sastra Jawa Modern (1995), Senthong (2008), Gurit Sabrang (2013), Roncen Jiwa (2015) lan Serat (2016). Salah sijine gurit "Epigram Dongengan Semut" ngrenggani Novel basa Indonesia "GADIS TANGSI" karyane Suparto Brata sing diterbitake dening Kompas, 2005.

GROJOGAN SONGGOLANGIT

St. Sri Emyani






Sepindhah malih papan pariwisata alam ingkang taksih prawan ugi dereng patos kasenggol dening pawartos, kados ta: maya; cetak ugi elektronika inggih menika papan wisata grojogan Songgolangit. Kawastan nami Songgolangit, amergi: grojogan ingkang nggadhahi sekawan tlundhagan punika inggil sanget. Saking inggilipun, menawi sinawang saking sangandhapipun grojogan kados ngawiyat dumugi langit pramila masyarakat sekitaripun ngriku rumiyin ndamel tetenger kanthi nami Songgolangit. Nami menika kadamel ngantos titiwanci menika.

Grojogan ingkang endah nuju prana punika manggen wonten ing desa Jombok kecamatan Pule taksih tumut wewengkon kabupaten Trenggalek Jawi Wetan. Menawi kasangkanan saking kitha kabupaten Trenggalek arahipun ngilen watawis 27 km, nglangkungi kalih kecamatan. Inggih punika: Karangan dalah Suruh. Dumugi kecamatan Pule marginipun inggih sampun aspalan alus mulus. Lha umpami mboten ngasta titiyan piyambak, angkutan umum inggih sampun kathah. Ongkosipun watawis Rp, 15.000,-. Lha menawi para remaja biyasanipun inggih remen sepedhah montoran. Syukur bage, menawi saget sesarengan kaliyan sang kekasih, pepujaning ati. Ho o o jagad rad pramuditya menika kados gadhahipun piyambak. Goncengan sesarengan. Napa malih menawi ngepasi liburan, ngremenaken sanget. Taksih katambah margi antawisipun kecamatan Suruh dalah Pule menika pegunungan, ingkang: minggah mudhun, kanan kiringing margi, edhum taneman Pinus Perhutani ingkang taksih ngrembuyung ledhung-ledhung. Mranani nurani sanget. Menapa malih menawi ngepasi wekdal angin semilir nyenggolaken pupus- pupus Pinus, saget ndhamel wirama ingkang benten. Swasana ingkang makaten menika, watawis taun 80-an natos kariptakaken syair dalah katembangaken dening Ebiet G.Ade piyambak.


Menawi sampun dumugi kecamatan Pule nuju dhateng grojogan Songgolangit watawis taksih 1,5 km. Menawi panjenengan kepingin pados tiyang ingkang nyukani pirsa margi ngantos dumugi lokasi, masyarakat ngriku ugi kathah ingkang kanthi lembah manah sumadiya ngeteraken ngantos dumugi papan panggenan pariwisata alam grojogan Songgolangit ngriku. Ingkang sampun-sampun, menawi adhik adhik PRAMUKA, grup Camping, Pecinta Alam lan sapinunggalanipun kabiaysanipun inggih namung remen dhampyak- dhampyak lumampah. Wisata ria kalih ngiras-ngirus jantung sehat. Malah menawa sampun mlampah wonten margi, wonten kenya ingkang sajak nuju prana njur inggih kagodha. Menawi wanodya ingkang kagodha nanggapi. Inggih sami surak gumbira. Ah, inggih makaten menika para remaja. Ingkang baken jiwanipun merdika. Kadhang supe tiyang sepuh ingkang awrat pados arta.



GEGAYUHAN SAGET KASEMBADAN

Wonten saweneh masyarakat ingkang mitayani menawi siram wonten ing grojogan Songgolangit ngriku nggadhahi gegayuhan, gegayuhanipun badhe kasembadan. Awit, miturtut kapitayan grojogan ingkang endah ngresepi nurani menika rumiyin natos damel miwisuda para tledhek utawi tandhak lelangen Tayub. Sasampunipun calon tandhak gladhi swanten ugi gladhi beksan, menawi badhene jejer dados tandhak winisuda jamas siram wonten grojogan Songgolangit menika saget laris manis. Ngantos dugi samenika wonten kecamatan Pule taksih wonten desa ingkang taksih nglestarekaken kabudayan tradisi Tandhak Tayub, inggih menika desa Puyung.

Mboten namung para tandhak utawi tledhek jaman rumiyin kemawon ingkang pitaya siram wonten ngriku saget nggayuh sedya. Ananging samenika inggih wonten ingkang percados, sok sintena kemawon ingkang siram wonten grojogan ngriki, napa ingkang ginayuh kadhang kala saget kasembadan. wonten salah satunggaling carios, remaja putri sampun sawetawis dangu n*jomblo* (ewet pados jodho).Syukur alhandulillah, sasampunipun mantun siram saking grojogan ngriku, dumugi ndalem lha kok dipun lamar priya. Wusanane inggih dados jatukaramanipun. Malah saget atut runtut, kados dene Kaken-kaken lan Ninen-ninen. Semanten ugi, wekdal taksih wonten tombokan SDSB, Wonten saweneh pedhagang saking kitha ingkang dhawah kapitunan. Awit, dipun apusi dening kancanipun dhagang. Ngantos sedanten modalipun dhagang telas. Nyobi siram teng grojogan ngriku, wangsule tumbas SDSB. Lha dallah, kok saget nembus ngantos angsal *milyaran* Anaging menika wau inggih namung dedongengan, ingkang menawi dipun paido inggih mboten mengeng. Pitados dalah mboten, inggih namung nyumanggakaken Ingkang maton, siram wonten grojogan ngriku seger sanget . Amergi, toyane taksih bening ugi kathah *ogsigen* sumilir saking ron ronan kekayon. Pramila menawi pikiran nembe kenceng ngiyeng-ngiyeng saget kendhor. semanten ugi, menawi panggalih nembe mongah-mongah, dipun damel siram wonten grojogan Songgolangit ngriku saget asrep, kasiram gemricik toya bening gemrining.



UWOH NAGA

Grojogan Songgolangit ingkang nggadhahi inggil watawis 700 m ngantos dumugi 1000 m saking lumahing seganten. kejawi sae damel taneman Pinus, ugi subur sanget damel ulah taneman uwoh Naga. Salajengipun masyarakat ngrika nyobi nanem taneman uwoh Naga. Masyarakat budidaya menika kabantu saking para penyuluh pertanian dalah perkebunan. Asilipun, inggih mboten nguciwakaken. Sareng sampun ketawis nguwoh sae, para tengkulak uwoh Naga saking kecamatan Pule



watonipun nglethik.Barokah, ingkang baken halal.

Taneman Pinus ingkang kathah wonten redi ngriku katanem dening Perum pehutani. Ananging, menawi taneman woh Naga wonten kanan kiringipun kecamatan Pule ngriku kabudidayakaken dening masyarakat makarya sesarengan kalih dinas Pertanian saha Perkebunan ngriku kiyambak Asilipun, Alhamdulillah inggih lumayan. Saget murakapi masyarakat ngriku kiyambak. Ngendikanipun para pinisepuh, sok sintena ingkang purun gumrigah. Wusananipun, inggih taksih saget mamah. Napa inggih ngoten?*** *Sumangga.*

ngriku ugi sami numbas. Salajenge asil tetanen warga masyarakat menika kasade dhumateng daerah lintu. Ngemu panjengka, angsal bebathen ingkang lumayan. Tuladhanipun, menawi teng ngriku tumbas saking petani uwoh Naga namung Rp. 5.000,- ngantos Rp.7.500,- kasade wonten pekenan njawi, saget ngantos dugi Rp.15.000,-. Saking swasembada taneman uwoh Naga menika, wusananipun ugi saged nginggahaken *taraf ekonominipun* masyarakat petani saha para tangkulak ngriku kiyambak. Sekedhik



TUWA

Dr. Rama Sudi Yatmana

Tuwa, untu rowa. Karepe wong tuwa kuwi untune wis rowa. Rowa tegese ora ringkes, ora trep, pada owah. Ana sing gripis, grepes, gropos. Ana sing modod molor. Ana sing ogak, oglak,aglak-aglik meh copot/ pothol. Ana sing krowak banjur krowok, tugel separo, ana sing jan copot tenan dadi ompong. Malah ana sing diwiwiti nganggo rasa ngeres, linu, njarem, cekut-cekut lan cekot-cekot. Nganti ana sing kandha, amarga laru (lara banget), tinimbang lara untu luwih becik lara ati.

Tuwa, metu hawa. Jalaran kondhisi lan situwasi tartamtu, tuwa sing etu mung hawa (klebu hawa nepsu); ora metu liya-liyane, uga dhuwite. Terkadhang rumangsa bisa, rumangsa luwih, njur sakepeneke, nunggu karepe dhewe; ora wicaksana, ora sabar, ora kuwawa nanggapi swasana kanthi trep. Wose wong tuwa muspra, ora ana gunane, malah ngabot-aboti kulawargane. Kerep diarani tuwa tiwas aliyas cilaka.

Tuwa tembunge krama sepuh. Karepe duwe asep ampuh, duwe daya linuwih. Ana sing negesi anggone nesep nganti apuh (wis akeh pengalamane, kawruh, ngelmune). Tuwa mangkono iku tuwa sing fungsi sosial lan indhividuale isih ganep. Wose tuwa sing migunani, tuwa sing nduwe tuwas (asil) akeh. Tembung sing tegese diothak-athik gathuk, dikira-kira, dikerata, didhosok kaya mangkono kuwi diarani kerata basa utawa jarwa dhosok. Conto liyane: *cangkem*, yen dicancang mingkem; *kuping*, kaku tur njepiping; *bokong*, yen tiba mekongkong.

Kanggo selingan, ana tembung kang wis kasebut ing dhuwur bisa kanggo cangkriman, cethane dadi batangane cangkriman. Cangkrimane mangkene: barange ora ana, ya kuwi untune ora ana, nanging omonge ketok. Siji engkas cangkrimane: gawene mangaaaan bae, ora tau krasa wareg. Apa hara? Batangane ya wes ana ing dhuwur ya kuwi cangkem. Nek cangkem apa tau krasa wareg. Sing krasa wareg kuwi rak weteng. Ya pa ra.

Tuwa, ing basa Sansekerta uga basa Jawa Kuna tembunge *wreddha* tegese wis *wredhh*, wis tuwuh mekar ngrembaka, wis dadi cukup/ akeh pengalamane, kawruh, ngelmune. Kosok baline *muddha*, isih *muddh*, isih lugu ndluju ndlejer kaku kaya geger. Mula diarani punggung. Tembunge liya pingging, jugul, bodho, yen banget jenenge *the gob* aliyas

goblog. Ing bebrayan Jawa ana tuwa, tuwa banget, diarani pikun. Wis bola-bali lali, ora ngerti. Bubar madhang njaluk mangan. Bar ngombe njaluk wedang. Sore jarene sesuk. Esuk rumangsane wengi. Wengi dikira awan. Bola-bali takon, pitakone lan sing ditakokake padha. Kesadharane wis *chaos*. Tembung asli Jawa kaco beliau, eh kaco balo.

Dadi, ana tuwa positif (tuwa tuwas, akeh tuwase, gunane), ana tuwa sing negatif (tuwa tiwas, akeh tiwase, cilakane). Sing kasebut kuwi klebu sing dismeoni dening MN IV: wong tuwa sing ora ngerti rasa, uripe sepi sepa kaya ampas tebu; yen ana ing pasrawungan ngisin-isini, gonyak-ganyuk, tlunyak-tlunyuk. Mangkene:

jinejer ing Wedhatama
mrih tan kemba kembenganing pambudi
mangka nadyan tuwa pikun
yen tan mikani rasa
yekti sepi asepa lir sepah samun
samangsane pasamuwan
gonyak-ganyuk ngelingsemi

Tuwa kuwi umur pira? Wah kuwi relatif. Ana wong tuwa sing isih kaya bocah. Baline kosok, bali kosoke, kosoke bali, eh sing bener kosok baline ana bocah sing wis kaya wong tuwa. Tuwa ing jaman saiki ditembungake *lansia* yaiku usia lanjut, *manula* iku manusia usia lanjut, *usila* iku usia lanjut, *wulan* iku warga usia lanjut, lan *glamur* iku golongan lanjut umur.

Prakara Umur

Wong umur patang windu (telung puluh loro taun, tumbuk sapisan) iku wis manteb ragane, dene jiwane nedheng utawa saya mekar ngrembaka. Wong umur wolung windu (suwidak papat taun, tumbuk ageng) jiwane wis mantep utawa isih mekar ngrembaka, nanging ragane wis utawa saya mungkret. Wong umur sangang windu, sepuluh windu (pitung puluh loro taun, wolung puluh taun) sanadyan ragane saya mungkret, ananging yen jiwane, iman taqwane, isih mekar ngrembaka mencorong kuwi jeneng durung tuwa. Aran tuwa tenan kuwi yen fungsi fisik lan fungsi psikhis total saya mungkret. Mungkrete fungsi psikhis sawatara wis kasebut ing ngarep. Mungkrete fungsi fisik kayata gangguan pancaindriya, balung kropos, untu rowa, idu/ iler asat, lambung, usus, liver, ginjel, jantung, paru, pembuluh dharah, syaraf, sarta utek kurang/ ora normal.

Proses tuwa lara matikuwi mesthi, ora bisa diselaki. Mung bae bisa direm disaranani, disesuwun marang Kang Akarya Tuha Lara Pati amrih kalakon alon-alon. Ora cepet-cepet ngebet (ngelmune aran Sanjiwani). Kang wigati ora mung mundhak bobot ajining uripe. Sacara gerontologis: *not only add years to life, but also add life to years*". Dikayaa ngapa. Dikayaa ngapaa kae pepesthen iku pesthi. Umur kuwi ana watese. Tikus, diopenana kasarasan, gizi, kondhisine, ndungkap/wis/kurang luwih patang taun mati. Kucing mangkono uga, diupakara sabeciking-becik, kurang luwih rong puluh taun mati. Pepesthen mangkono kanggone manungsa kurang luwih satus rong puluh taun. Dirgahayu, panjang yuswa, ana ngelmune,akeh teorine, prakteke ana ing wonge, pribadine. Dene tuladhane kae lho kanca- kanca tani sing mangane akeh sayure, buahe, serate, ora pati akaeh gajih, gula, lan uyahe,atine tentrem, nyambut gawe ajeg sregeb mempeng, ngolah lemah nenandur,srawunge lancar ing Tlatah Georgia pagunungan Kaukasus Rusia, akeh sing umure panjul saka saabad.

Sumangga dipenggalih, kenaa kanggo lelimbangan, dadi pangrekadaya kang bisa mahanani Panca A: 1. Awak waras2. Ati seneng 3. Awet urip 4. Akeh amale 5. Asmane arum angambar.

SAK ISINE

Awan iku Sardot mlaku mlaku neng mall niate arak golek "sesuatu".

Pas lewat ngarep konter parfum, dekne ditawani karo bakule,"monggo pinarak mas.. niki wonten parfum impor.. wangi tur murah ki lho mas.."

Sardot : "murahe sepiro mbak.?"

Bakul : "50 ewu per botol SAK ISINE mas.."

Sardot : "Emoh Mbak.. larang kuwi.. aku biasa nganggo minyak kayu putih.. murah tur sehat mbak"

Njuk Sardot mlaku maneh,. tekan ngarep Konter Kebab (roti arab) Sardot takon, "Opo kuwi Mbak?"

Bakul : "Niki kebab mas.. 10 ewu siji SAK ISINE.. milih dewe isine mas.. Monggo pinarak.."

Sardot : "larang men! Enak sego endog.. wareg.. Emoh aku.."

Trus Sardot mlaku maneh,. Pas lewat ngarep konter hp, dekne takon, "hape daganganmu kuwi sing paling murah piroan Mas?"

Bakul : "Ooh niki hape Cino murah mas,. 200 ewu SAK ISINE perdana lan pulsa.. monggo milih.."

Sardot : "Wah larang Mas,. tak kiro 50 ewuan,. suwun"

Ora suwe Sardot mlaku metu mall amargo bingung campur wedi.. trus ngomong neng njero atine,

"Neng mall iki nek tuku barang kok SAK ISINE yo?? Aku wegah tuku neng kene ah.. aku wedi.. mending golek SEMPAK neng pasar wae.."

Dhaharan Tradhisional

Saplak

(Sri Narjati)



Bahanipun :

Glepung gaplèk.

Kacang tholo.

Parutan klapa.

Pandamelipun.

Glepung gaplèk dipun paringi toya lajeng kaulet radi akas kemawon, kados menawi badhé dipundang (dipun masak), ampun kelemesen. Kacang tholo dipun kum, sedalu.

Kacang tholo ingkang sampun dipun kum dipun tus, lajeng kacampur kaliyan glepung gaplèk. Ukuran antawisipun glepung kaliyan kacang tholo 2 : 1. Menawi sampun campur rata, lajeng dipun dang Kados adang sekul thiwul. Langkung prayogi ngedangipun nganggé kukusan ing dadang,

Kinten-kinten setengah jam sampun mateng lajeng dipun entas. Salajengipun katetel utawi dipun jojoh kersanipun pulen, kacang tholonipun ampun ngantos ajur. Karatakaken wonten tampah saha kapadhetaken, kados ndamel wajik.

Menawi badhé kasegahaken dipun irisi alit-alit lajeng dipun paringi parutan klapa. Padatanipun saplak punika menawi dipun sadé wonten peken, nyadénipun mboten mligi saplak nanging kacampur kaliyan cenil, ketan , gethuk alus, saha gendar lajeng dipun paringi parutan klapa. Nyamleng dipun dhahar wanci enjing.

Saplak ugi saged dipun gorèng kanggé camilan sareng ngunjuk kopi utawi tèh. Saplak gorèng namipun ***Kaningaya.***

Mangga dipun cobi. ndamel

Bahannya :

Tepung gaplek

Kacang tholo

Kelapa diparut.

Membuatnya;

Tepung gaplek diberi air lalu diaduk-aduk jangan terlalu encer. Sebelumnya kacang tholo direndam semalam. Kemudian kacang tholo ditiriskan lalu dicapur dengan tepung gaplek yang sudah diberi air, diaduk sampai campur. Ukuran tepung dan kacang 3:1

Adonan tepung dan kacang kemudian ditanak, sebaiknya menanaknya memakai kukusan dalam dandang. Sekitar setengah jam sudah masak, lalu diangkat, lalu ditumbuk pelan-pelan, kacang tholo jangan sampai hancur. Dipadatkan seperti membuat wajik.

Kalau mau menyajikan dipotong-potong segi emp kecil, , lalu diberi kelapa yang sudah diparut. Saplak ini kalau dijual dipasar, biasanya dicampur dengan ketan, getuk halus, cenil, dan gendar lalu diberi kelapa yang diparut.

Saplak juga bisa digoreng, nikmat untuk menemani minum kopi atau teh. Saplak yang digoreng dinamakan ***Kaningaya.***

Nah silakan mencoba untuk membuat.



SUHARMONO KASIYUN
SASTRAWAN BERDEDIKASI



Suhararmono Kasiyun miyos wonten ing kutha Ponorogo wanci 19 Maret 1953. Panjenenganipun putra ingkang wragil saking 11 sadherek saking pasangan Sumiyatin kaliyan Kasiyun Atmo Sukarto. Suharmono Kasiyun krama kaliyan Zuhrowati wonten ing taun 1983 lan kagungan putra tiga, inggih menika Lalita Jiwanti (1984), Aji Parama Jiwangga (1985), lan Manggala Nindita Jiwangga (1990). Samenika panjenenganipun lenggah wonten ing kawasan Pondok Candra Indah, Surabaya.


Suharmono lulus SR (1960—1966), nglajengaken SMP (1967—1969) wonten ing Ponorogo, lan SMA-nipun (1970—1973) dipunrampungaken wonten ing kutha Ponorogo, Madiun, lan Surabaya. Taun 1978 ngrampungaken sarjana mudha wonten IKIP Surabaya dipunlajengaken nempuh program S1 wonten ing IKIP Malang. Panjenenganipun ngrampungaken S3 wonten Unesa.

Suharmono Kasiyun aktif anggenipun nyerat novel, cerpen, puisi, lan esai mawi

ngginakaken basa Indonesia lan basa Jawi. Kawitanipun, Suharmono Kasiyun menika siswa ingkang remen nyerat wonten ing majalah dhindhing sekolahanipun taun 1972. Salajengipun taun 1974 karyanipun menika kaamot wonten ing koran *Sinar Kota*, lan ingkang sepisan karyanipun dipunmuat wonten ing koran. Panjenenganipun kadang nggangge nama samaran Anam Rabus, sanadyan boten asring dipunginaaken.

Novelipun ingkang dipunmuat arupi cariyos bersambung utawi cerbung wonten ing majalah basa Jawi kadosta *Katresnan* (*Panjebar Semangat*, 1986), *Guwing* (*Jaya Baya*, 1989), *Pupus Kang Pepes* (*Panjebar Semangat*, 1991), lan *Edan* (*Jaya Baya*, 1997). Salintunipun menika, cerita cekak utawi cerkak karyanipun ugi kathah ingkang dipunamot wonten ing majalah kasebat ugi majalah *Jaka Lodhang*. Novel *Pupus kang Pepes* ingkang dipunmuat kanthi cerbung saklajengipun dipunterbitaken mawi buku wonten ing tahun 1998 ugi pikantuk hadiah *Rancage* ingkang dipunserahaken taun 1999. Salajengipun terbit kumpulan geguritanipun, *Kidung Lingsir Wengi* (2013) lan kumpulan cerkak, *Kakang Kawah Adhi Ari-ari* (2017). Dhosen Unesa jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia menika taksih aktif nyerat dumugi samenika.

Mbahas Suharmono Kasiyun boten jangkep menawi boten nyebat organisasi PPSJS. Kaliyan Suripan Sadi Hutomo panjenenganipun jumenengaken Paguyuban Pengarang Sastra Jawa Surabaya (PPSJS) wonten ing tanggal 31







Juli 1977 lan ngasta sekretaris dumugi tahun 1990. Tahun 1990—1994 panjenenganipun dados ketua lan kapilih malih daos ketua PPSJS periode 2001—2005 sarta ketua ingkang kaping tiganipun (2014—2018).

Perjuanganipun Suharmono Kasiyun anggenipun nguri-uri lan ngrembakaaken basa Jawi dipunlampahi kanthi maneka cara kadosta: 1) jalur akademisi kanthi tumut ngrintis dipunbikak jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa wonten ing IKIP Surabaya (sakmenika Unesa), 2) kanthi jalur karya kanthi ngasilaken karya-karya ingkang anggadhahi bobot, 3) jalur organisasi kanthi tumut jumenengaken lan ngurus Paguyuban Pengarang Sasra Jawa Surabaya, lan 4) jalur udhara kanthi siaran ngrembag basa lan sastra Jawi lewat RRI Surabaya.

Suharno Kasiyun pikanthuk pangaji-aji Anugerah Sutasoma saking Balai Bahasa Jawa Timur tahun 2017. Panjenenganipun dipunpilih kanthi kategori *Sastrawan Berdedikasi*.



Pangaji-aji menika dipunparingaken minangka usahanipun ingkang dangu ing bidang sastra Jawa lan dhedhikasinipun tumrap lestantunipun sastra Jawa sarta usahanipun lan semangatipun minangka rodha kang saged ngobahaken organisasi kangge kegiyatan-kegiyatan sastra Jawa.